# Saytu dem ak dikk

## *Yokkuteg Ligéeyu Biro Shérif ci Kaaraange Dem ak Dikk gi*

**Ñu ngi ànd ci defar gi ak:**
Congolese Integration Network, Eastside For All, People Power Washington, Transportation Choices Coalition ak Washington for Black Lives, di prose bu Washington Community Alliance

**Nowàmbar 2025**

King County

OLEO

OFFICE OF LAW ENFORCEMENT OVERSIGHT

# Saytu dem ak dikk

*Soppi Doxalinu Biro Shérif bi ngir Ñoŋal kaaraange Dem ak Dikk*

## Tablo Ëmbiit


**Tënku Doxalin wi** .................................................... **3**

**Baati ubbite** .......................................................... **5**

**Tolluwaayu kaaraange ci dem bi ak dikk bi ak sàrt yiñ tëral ci Komte bu King** ................................ **8**

Pàccu Yeete bi ..................................................... 8

Liggéeyi Biro Shérif bi .......................................... 9

Digle yu jëm ci liggéeyal askan .......................... 10

**Digle yi** .............................................................. **11**

Digle 1 ................................................................ 12

Digle 2 ................................................................ 15

Digle 3 ................................................................ 17

Digle 4 ................................................................ 20

**Baati tëjte** ......................................................... **22**

**Kàdduy njeexte** .................................................. **23**



**Ñi bind rapoor bi ñooy:**
Simrit Hans, Molly Webster, Lea Hunter, ak Katy Kirschner

**Ñeneen ñi jàpp ci liggéey bi ñooy:** Congolese Integration Network, Eastside For All, People Power Washington, Transportation Choices Coalition, boole ci jàppale gu bawoo ci Washington for Black Lives, di prose bu Washington Community Alliance


King County

OLEO

OFFICE OF LAW ENFORCEMENT OVERSIGHT

**Ñii di waa King County Office of Law Enforcement Oversight (OLEO) ñooy saytu Biro Shérif (Sheriff's Office) bi, lépp ci njub.** Danuy càmbar ak saytu ci lu amul par-parloo, ba noppi joxe sunuy digle yu sukkandiku ci done yu leer, di liggéey buy amal njariñ askan te tegu ci njumb ak yamale. Ngir mëna doxal dénkaane yooyu, OLEO dafay jokkoo ci liggéey ak kuréel yi fi nekkal askan wi.

### Jokkoo ak OLEO


Telefon: 206-263-8870

Imeel: OLEO@kingcounty.gov

Sitweb: kingcounty.gov/OLEO


**Ay leeral ci done yi:** Saa yu ko mënee, OLEO dafay jëfandikoo ay done yuñ jagleel Komte bu King ngir lépp leer ci dëggug ak njariñu li gëstu bi gis. Waaye sudee amul ay done ci wàllu réew, OLEO dafay sukkandikoo ci done yu bawoo ci etaa bi wala ci réew mi ngir xam li gëstu bi gis.

**Amna yeneen formaa yu jàppandi.**
Wooteel ci 206-263-8870 wala TTY: 711.


**Ki bind rapoor bi mooy:**
Liz Dop

# Tënku Doxalin wi

## Rapoor bi: Gis-gis ak doxalin wuy jàppale askan wi

Ci rapoor bii, OLEO ak ay naataangoom ci askan wi dañu jàngat jëf yi Biro Shérif bi di amal ci wàllu yoon, ba noppi ñu joxe ñeenti digle ngir sos pexem yoon bu gëna lalu ci done, yamale, ak kaaraange.

Rapport bii dafay màndargaal projet politik bu njëkk bi OLEO jiite ci askan wi, ñu defaree ko ci lëkkaloo ak ay naataango yu bawoo ci Congolese Integration Network, Eastside For All, People Power Washington, Transportation Choices Coalition, boole ci jàppale gu bawoo ci Washington for Black Lives, di prose bu Washington Community Alliance.[a]

Ngir yëgle rapoor bii, OLEO ak ay àndadoom dajale nañu ay digle ci jëfandikukati tali yi ci Komte bu King ci seeni digle ak li gëna am solo ci wàllu loraange yi ci dem bi ak dikk bi ak pexe yi ñuy tëral. OLEO laaj na itam liggéeykat yi ci Biro Shérif bi ngir gëna xam politiku agence bi ak jëf yi ñuy jëfandikoo ci wàllu doxal yoon. Fi ñu mujjee mooy OLEO jàngat na done yiñ joxe ci wàllu doxalal yoon ci diggante 2020 ba 2024 ba noppi xoolaat jëf yi gëna baax ci réew mi, yu bawoo ci yeneen àttekaay ngir gëna xam anam wi ñuy doxalee ci doxalinu réew mi ci Komte bu King. Lépp luñu gis ci gëstu bi, dañu ko séddoo ak ñi ànd ak OLEO. Ñeenti digle yiñ tëral ci askan wi, yuñ joxe ci rapoor bii, ñu ngi leen jëlee ci lëkkaloo ak àndadoo OLEO yi, te àndadoo yépp nangu nañu ko.

## Tolluwaayu kaaraange ci dem bi ak dikk bi ak sàrt yiñ tëral

biro Shérif bi xamme kaaraange ci dem bi ak dikk bi mooy li gëna am solo, agence bi amul fi mu nekk benn pexe bu ëpp solo ngir teg ay jeegoom ci doxal yoon wi. Lu moy loolu, dogal yiñ jël ci wàllu doxalal dem bi ak dikk bi dañu leen bàyyi ci loxo takk-der yi, te loolu moo jur gis-gis bu wuute ci wàllu doxalal dem bi ak dikk bi. Biro Shérif bi du jëfandikoo ay done ngir tegtal doxalinu yoon ci bépp barab te du dajale ay done yu mat sëkk ci bépp taxawal ci dem bi ak dikk bi. Ci noonu la Biro Shérif bi amul kàttan ngir jàngat ni ay jeegoom ngir doxal yoon yi di doxee wala ngir xam naka lañu leen mëna gëna baaxal. Rax ci dolli, ginaaw Biro Shérif bi du dajale ay leeral ci demografik yi jëm ci taxawalug dem bi ak dikk bi, mënul natt ndax yooni dem bi ak dikk bi dañu leen di doxal ci anam wu yamale wala ndax jëf yuy doxal yoon yi dañuy jur wuute.

Càmbaru OLEO dafa wane ni lu ëppu genn-wàll (52%) ci taxawalug dem bi ak dikk bi Biro Shérif bi amal diggante 2020 ak 2024, dañu doon ñaawlu dem bi ak dikk bi, fu dawalkat bi joxeewul risk buñu mëna xàmmee ngir gaañ seen bopp wala ñeneen ñi, lu melni imatrikulaasion bu jeex wala làmp bu yàqu. **Li OLEO gis dafay wane ni Biro Shérif bi amna xéewal yu bari ngir gëna jëfandikoo ay moomeelam yu néew, ba noppi soppi xelam ci pexe yu jëm ci doxalinu dem bi ak dikk bi, yu lalu ci done te lalu ci kaaraange.**

Avokaa yi ci biir Washington ak ci biir réew mi ñungi ñaan kurel bii di doolel yoon ñu sëgg ci wàññi dee yi ci tali bi ci noonu lañuy wax ci wute bi ci xeet ak koom gi juge ci jëf yu cosaan yu doolel yoon yi. Gëstu dafa wane ni taxawalug dem bi ak dikk bi ci Etats Unis dafay indi jafe-jafe yu bari ci nit ñu ñuul ñi ak ñi am xaalis bu néew.[1] OLEO ak ñi mu àndal ñoo tëral digle yiñ tëral ci rapoor bii ngir saafara jafe-jafe yii, ba noppi gëna mëna kaaraange dem bi ak dikk bi ci képp kuy jëfandikoo tali ci Komte bu King.

---

[a] Soo bëggee gëna xam ni Kaadu Njàngalem Askan wi di doxee, jàngal leeral yi ci nekk..

## Digle yi

**1.**

**Xoolaat digle sàrt yu mag yi ngir mëna jiital tëraliinu yoon yiy àddu ci jalgati kaaraange dem ak dikk ci tali bi, wàññi li ñuy taxawal oto ci jëmul ci wàllu kaaraange ba noppi nas pexe ngir doxal yuy sukkandiku ci done yi kuréel gi yor.**

1.1 Gënal jox yitte taxawal yiy gàllankoor kaaraange gi.

1.2 Wàññi taxawal dem ak dikk ci ludul gàllankoor kaaraange gi.

1.3 Jox adjoint yi tegtal yu lalu ci done ngir gëna mëna kaaraange dem bi ak dikk bi.

1.4 Def ay matuwaay yudul yar nit, yuy saafara jafe-jafe yi ci yooni dem bi ak dikk bi.

---

**2.**

**Wàññi laaj yu bari ak di wër dara ci oto bi fekk dawalkat bi ànd ci su alkaati bi taxawloo oto bi, te jox dawalkat bi yelleefam ak baña boddi xeet.**

2.1 Laajteel takk-der yi ñu baña bàyyi seen laajte ci jamonoy taxawal trafik, ñu bàyyi seen xel ci sabab bu njëkk bi tax ñu taxawal.

2.2 Laaj takk-der yi ñu yëgal dawalkat bi ci saasi sabab bi tax mu taxaw bi ñu ko njëkkee jokkoo ak moom.

2.3 Tere takk-der yi ñu amal ay "seetug deggoo" ci jamonoy taxawal yi ci dem bi ak dikk bi.

---

**3.**

**Jël done yu mat sëkk ci bépp taxawloo ci dem bi ak dikk bi, boole ci leeral ci demografi, nga jël matuwaay yi gëna baax ngir dajale ay done, denc leen, ak jàngat leen ngir gëna leer ak gëna dooleel njub ak dëgg.**

3.1 Settal te jàngat ay done ci bépp taxawug dem ak dikk gi.

3.2 Settal te jàngat done demografik ci bépp taxawal ci dem bi ak dikk bi.

3.3 Saytu ak yamale jëf ci taataan ay done.

---

**4.**

**Sudee Biro Shérif bi dafa bëgga yaatal sàrti dem bi ak dikk bi, Komte bu King dafa wara njëkka def njàngale bu moom boppam ci mëna dem ak yamale, ba noppi sàkku ci askan wi yépp laata muy jëfandikoo sàrt yi.**

4.1 Biro Shérif bi warul topp benn yoon bu bees wala bu bees bu otomatik ba keroog benn jàngat bu mëna dem ak yoon mën na wane yoonu wàññi jafe-jafey nëbbëtu ak yoon.

4.2 Bépp pexe ëlëg ngir amal yeneen sàrt yuñ tëral ci otomatik dafa wara nekk ci ndigalu askan wi, ba noppi ñu bàyyi seen xel ci saafara jafe-jafe yi ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi.

# Baati ubbite

## Jeegoo ngir fësal kaaraange ci dem bi ak dikk bi dafa yokk ci at yii ñu genni, doonte dee yi ci dem bi ak dikk bi ñungi wey di yokk

**Lim bi gëna mag ci bakkan yi rot ci tali bi ci diiru 33 at**

Aksidaa yi ci tali ñooy gëna faat bakkan ci Etats Unis.[2] Ci biir réew mi yépp, limu nit ñi faat ci yoon wi dafa yokk bu baax ci jamonoy mbas mi COVID-19. Su fekkee ni amna yokkute yu am solo ci at yii ñu weesu ci biir réew mi, etaa bu Washington gisna yokkute bu gëna néew, dem ba yegg ci 33-at yu gëna kawe ci dee ci trafik ci 2023.[3] Komte bu King topp na xeetu lu mel noonu, ak 118 accident yu yegg ci bakkan yu rot ci Biro Shérif bi 2020 ak 2024.[b,4]

Ci jamonoy mbas mi COVID-19, réew yu bari dañu wàññi sàrti dem bi ak dikk bi ndax oto yi dañu gëna néew ci tali yi, te kàngam yi ci wàllu wérgi-yaram dañu digal ñu wàññi jokkoog nit ñi.[5] Doxalal yooni dem bi ak dikk bi ci Komte bu King toppnañu lu mel noonu, ak limu taxawalug dem bi ak dikk bi di wàññeeku ci 2020 ba 2022 ginaaw ga mu yokk lu tollu ci 40% diggante 2023 ak 2024.[6]

Doonte wàññeekuna, taxawalug dem bi ak dikk bi mooy anam wi nit ñi di gëna jëflantee ak takk-der yu Komte bu King,[7] takk-der yi amal nañu lu ëpp 87,000 taxawalug dem bi ak dikk bi diggante 2020 ak 2024.[8] Waaye, ñépp yamu ñu nuñu yëgee jafe-jafe yooyu. Ci réew mi yépp, gëstu yi dañu wane lu bari luy wéy di am ci wàllu xeet, ak profile ci gaaraas yi ak seetlu yi, ak itam jafe-jafe yu jaarul yoon ci askan wi am xaalis bu néew.[9]

**Saytu dem ak dikk ci tali ci Biro Sheriff bi yokk nañu ci 2024 suñu ko méngalee ak ñeenti at yi weesu**




---

[b] "Biro Shérif bi" dafa amaale yooni réew mi ñuy toppatoo ba noppi nekk ci bërëb yu bokkul ak Komte bu King, niki noonu yoon yi ci biir dëkk yu Beaux Arts Village, Burien, Carnation, Covington, Kenmore, Maple Valley, Muckleshoot Indian Tribe, Newcastle, Sammamish, SeaTac, Shoreline, Skykomish, ak Woodinville. Aeropoor bu Komte bu King, métro ak agence yu Sound Transit itam dañu bokk ci yoonalu Biro Shérif bi.

Ci wàllu réew mi ak ci wàllu etaa yi, ñiy xeex ak ñiy tëral politik ñu ngi liggéey ngir sos pexe yu bees ngir gëna wóorloo yoon yi, boole ci wàññi jafe-jafe yi ñuy tëral ci wàllu dem bi ak dikk bi, te loolu dafay yokk wuute gi am ci wàllu xeet ak koom.[10] Avocat yi yàgg nañu wax ni doolel njuumte yu ndaw yi ci yoon yi du yokk kaaraange ci yoon yi,[11] ci taarix dafa doon teg ay nit ñu ñuul ñi ak askan wi am xaalis bu néew,[12] di jur njariñ yu wuute ci mbooloo yooyu, ba noppi di dindi Digleu ofisiye yi ci njuumte yu gëna tar yu melni dawal bu ñaaw, dawal bu ñaaw, dawal bu xawa ñàkk, luy waral loraange yi ci yoon.[13] Ginaaw agence yiy tënk yoon ñu ngi gëna yokk seen kàttan ci jëfandikoo ay done, amna anam yu ñuy liggéeyandoo ak kàngam yi ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi ngir gëna bàyyi seen xel ci jafe-jafe yi gëna tar ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi. Xarala yu bees dañuy feeñ, suñu leen jëfandikoo ci anam wu jaar yoon, boole ci ndigalu askan wi, mën nañu wàññi li ñuy laaj ci wàllu doolel yoon, ba noppi gëna yombal dawal bi gëna wóor. Buñu ko boole, gëstu yu bees yi ak gis-gis yu bees yiñ amal ci yeneen réew, dañuy joxe pexe yu am njariñ ngir saafara jafe-jafe yi mëna juddoo ci sàmmonte ak sàrti dem bi ak dikk bi, ba noppi gëna kaaraange yoon yi.

## Rapportu saytukatu Komte bu King ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi

Biro oditër bu Komte bu King (Biro Saytukat bi [Auditor's Office]) amal na ci atum 2022, benn odit ci pexe ak doxalini Biro Shérif bi wàllu kaaraange dem ak dikk ci tali. Rapport bi dafa wane ni agence bi amul benn pexe bu ëpp solo ngir doxal yoon wi, te xoolul ndax liggéey yi takk-der yi di def ngir doxal yoon yi méngoo nañu ak mébetu agence bi wala dañu am njeexital ci kaaraange yoon wi. Loolu moo waral ni ñuy doxalee ci wàllu yoon ci dem bi ak dikk bi dafay wuute ci diwaan yi Biro Sheriff bi yor. Biro Shérif bi itam du dajale ci anam wu sistematik ay done ci taxawal yi wala xoolaat ndax amna wuute ci ni takk-der yi di doxalee ci taxawal yooyu. Biro Saytukat bi jëfandikoo ay done yu néew yuñ am, dafa gis ni ofisiye yu weex yi ñoo gënoon jëfandikoo doole ci dawalkat yu ñuul yi moo gën dawalkat yu yeneen race.

Buñu sukkandikoo ci liñu gis, Biro Saytukat bi dafa joxe ñatti digle ci Biro Shérif bi. Bi ñuy siiwal rapoor bii, Biro Shérif bi jëfandikoowul yiile digle benn yoon.

### Digle 1

"Biro Shérif bi bu Komte bu King war na fësal mébetu doxalinu dem bi ak dikk bi, ba noppi defar ay pexe ngir mëna ko am, jëfandikoo ay done ngir saytu jëm kanam gi ci mébetam ci wàllu kaaraange.

### Digle 2

Biro Shérif bi bu Komte bu King war na déggoo ak kilifay gox yi amul benn mbootaay, ñi ñuy jàppale ci kontraa bi, ak Departemaa Komte bu King bu Serwiisu Local Division Serwiisu Yoon (Department of Local Services Road Services Division) yi ngir lépp leer ci ni mébetu kaaraange dem bi ak pexe yi méngoo ak mébetu réew mi.

### Digle 3

Biro Shérif bi bu Komte bu King dafa wara dajale ay done demografik yuñ gis ci bepp taxawloo dem ak dikk, ak lu mëna nekk sabab taxawloo bi wala njeexital bi."

***Jàng rapoor bi yépp fii.***

## OLEO ak ay naataangoom bokk nañu liggéey ci benn doxalinu politik bu askan wi jiite

OLEO ak ay àndadooam dañu bëggoon jàngat ak gëna suqali doxalinu Biro Shérif bi ci wàllu doxal yoon, ginaaw bi ñu xàmmee kàddu yu bees yi ci wàllu nasonaal ak etaa, ak jafe-jafe yi ci wàllu dee ci trafik. Rapport bii dafay wane ñeenti digle yuñ defar ci Processus Politique Guided-Guided bu OLEO,[14] bi dajale mbootaay yu bari yu nekk ci askan wi ci benn liggéey bu ñuy lëkkaloo.

Way-lëkkaloo OLEO yi tànn nañu sàmmonte ak yoon ngir nekk luñuy bàyyi xel ci projet bii ci limu juróomi mbir yuñ mëna wax ci politik. Projet biy tënk yoon ci dem bi ak dikk bi ñu ngi ko amal ci diiru benn at, mu amaale juróomi mbootaay yu nekk ci askan wi: Congolese Integration Network, Eastside For All, People Power Washington, Transportation Choices Coalition, boole ci jàppale gu bawoo ci Washington for Black Lives, di prose bu Washington Community Alliance. OLEO dafay faral di daje ak naataango yooyu ngir wane ak waxtaane gëstu ci jëf yu Biro Shérif bi am ci jamono jii, jëf yu gëna baax ci réew mi, ak digle yu mëna am. OLEO daje na itam ak ndaw yiy liggéey ci Biro Shérif bi ba noppi xoolaat done yiñ am ci wàllu doxalal yoon. Ginaaw ñu xoolaat li ñu laaj ak gëstu yi ci laale, ñi ànd ak OLEO wote nañu ngir nangu ñeenti digle yiñ tënk ci rapoor bii. Ñeenti digle yooyu yépp bokk nañu ci ndimbal ci mbootaayi askan wi liggéeyandoo ak OLEO.

## Kalàndriye bi

### 2024

| | |
|---|---|
| **SÀTTUMBAR** | Faram-fàcce ndaje yiñ séq ak parteneer yi Congolese Integration Network, Eastside For All, People Power Washington, Transportation Choices Coalition, boole ci jàppale gu bawoo ci Washington for Black Lives, di prose bu Washington Community Alliance |
| **OKTOOBAR** | Parteneer yi tànn nañu ñu doxal sàrti yiñ digle ci tali bi |
| **NOWÀMBAR** | Pàccu yeete ci biti-OLEO daje na ak Biro saytukati Komte bu King (King County Auditor's Office) ngir waxtaane saytu gi ak tolluwaayu digle yi mu santaane. Parteneer yi tàmbali nañu séddale këyitu lànket bi jëm ci kaaraange tali ak jëfe digle yi. |
| **DESÀMBAR** | Jotaayi déglu ci teewaay bi waa Congolese Integration Network, ak Washington for Black Lives |

### 2025

| | |
|---|---|
| **SAŊWIYE** | Tëj nañu lànket bi ginaaw bi ñu jotee 187 tontu. |
| **FEWRIYE-AWRIL** | Wàllum gëstu bi-Waxtaani leeral yiñ séq ak liggéeykati biro shérif bi ci yoonal yu bari te wuute. Jotna ba noppi jàngat leeral yu ñeel doxal sàrt yiñ tëral te jëm ci dem ak dikk gi, ci biro shérif bi. |
| **AWRIL** | Wan partneer yi ay gëstu ak tànneefi ponki askan Eastside For All bokk na prose bi di parteneeru askan wi. |
| **MEE** | Daje ak parteneer yi ngir tëral ay digle ci sàrt yi. |
| **SULET** | Nangu digle sàrt yu mujj yi. |
| **UT-NOWÀMBAR** | Bind ak yeggali rapoor bi. Biñ bindee rapoor bi ba noppi ñu jébbal ko Biro Sheriff bi ngir jàngat ko. |

# Tolluwaayu kaaraange ci dem bi ak dikk bi ak sàrt yiñ tëral ci Komte bu King



## Yeete: Ni askan wi gisee wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi

Ginaaw bi ñu ràññee kaaraange dem ak dikk gi ci tali ba noppi taxaw ci tëral ko, OLEO ak ay naataangoom tàmbali nañu kàmpaañu yeete ngir mëna xam naka la nit ñi dëkk ci Komte bu King, ñi fiy liggéey ak di dawalee gisee mbir mi. Way-lëkkaloo OLEO yépp bokk nañu ci wàllu yegg ci nit ñi, ñu séddale ab laaj ak tontu wala ñu amal ab sesioŋ déglu.

Laajte bi ñu defar ci lëkkaloo ak ay naataango OLEO, ubbeeku nañu ko ci 18 nowàmbar 2024, ba 7 saŋwiye 2025, te jot ci 187 tontu. Laaj yiñ laaj ci jàngat bi yépp, mën nañu ko tànn, boole ci njaxasu eskaalu Likert ak laaj yu ubbeeku.[c] Laajte bi ñu ngi ko amal ci net bi, te ñi tontu mën nañu ko def te kenn xamul turam. OLEO dafa séddoo laaj bi ak ay naataangoom, ñu séddale ko ci seeni reso yu am, ak itam ci dëkk yépp yu am kontraa ak Biro Shérif bi, ak jaaraleko ci xibaar yu jëm ci barab yu bokkul ci Komte bu King (King County's Unincorporated Area Newsletter).

**Ñi doon tontu dañu jiital dawal gu ànd ak fitna, witees bu ëpp ak kaaraange ñi amul oto te nekk ci tali muy jafe-jafe bi leen gëna gàllankoor kaaraange tali bi.**




Lu ëppu ci ñi tontu ay jigéen yu weex lañu woon, yu amul benn laago, ñuy wax Angale kese ci seen kër - kuréel gii amul benn wuute ci askanu Komte bu King, luy gàllankoor dooley li gëstu bi wane. Ak jafe-jafe yii ci xel, jàngat bi OLEO amal ci njariñu gëstu bi dafa joxe leeral yu am solo ci jafe-jafe kaaraange dem bi ak dikk bi ci jëfandikukati tali yi. Bi ci njëkk mooy tontukat yi dañu wax ni dawal bu metti, gaawaay bu gaaw, ak kaaraange ñi jëfandikoowul oto ci tali ñooy li leen gënoon jaaxal. Bi ci topp, lu tollu ci benn ci ñatti tontukat yi dañu jàpp ni dañu wara yokk ay daan ci seetlu oto yi ci waxtu taxawal yi. Ak 12% maanaam

[c] Echelu Likert sistemu note la bu ñuy jëfandikoo ngir natt yëg-yëgu tontukat yi, seeni xalaat ak seeni gis-gis, ñu laaj leen ñu tànnee ci tontu yu bari ci benn eskaal, ci misaal, daale ko ci baña nangu bu baax ba ci nangu bu baax.

fukk ak niaari ci teemeer boo jél neenañu ni taxawal yi deñu leen wara def ludul ngir ay sababi kaaraange yu jaadu, ci noonu la 15% wax ni poliis warul laaj lu ëpp sabab bi ñu njëkka taxawal mbaa def ay taxawalug njuumte.[d]

Ngir mottali liggéeyu OLEO ci projet bii, ñaari mbootaay yuy jàppale - Congolese Integration Network ak Washington for Black Lives, di prose bu Washington Community Alliance - dañu amal ay sesioŋ ngir waxtaane laaji jàngat yi ci biir grup. Xeetu liggéey boobu may na nit ñi amul yelleefu laajte bi ci net bi wala ñi soxla tekki làkk ñu mëna séddoo seeni xalaat ak seeni jaar-jaar. Amal nañu ay jotaayu déglu yu bari ci Nowambur ak ci ndoortelu Desàmbar 2024. Ci anam wu fësoon, limu nit ñi bokk ci sesioŋ yiy déglu wuute na ak limu ñi tontu ci laaj bi. Congolese Integration dafay jàppale ñiy réfugié ak ñiy ñëw ci réew mi, li ci gëna bari ci diwaanu Afrique bu sowwu sahara. Rax ci dolli, Washington for Black Lives amaloon na ndaje déglu buñ jagleel waajur yu ñuul yi amul soxna.

**Ñi bokkoon ñiy déglu yi dañu fësal jafe-jafe yi am ci dawal gi, lu ci mel dawal ak xadar, ñàkka bàyyi xel ci dawal bi, ñooy jafe-jafe yi gëna gàlankoor kaaraange ci dem bi ak dikk bi.** Waaye yenn xibaar yiñ jëlee ci sesioŋ yi ñuy déglu dañu ànd ak li gëstu bi wane. Ci misaal, bi ñu tontu ci laaj bi fësal ni dañu bëgg ñu gëna am dooley yoon ci seeni dëkkandoo, ñi bokk ci sesioŋ déglu yi dañu wax ni dañu ragal doolel yoon, te dañu bëgga wàññi seen diggante ak ofisiye yi.

## Jëflantey yi ñuy amal ci Biro Shérif bi

Ngir am yeneeni leeral ci ni ñuy tëralee politik ak jëf yu Biro Shérif bi, OLEO amal na ay janoo ak liggéeykat yu bari yu wuute ci ndomba tànk, ci barabu liggéeyukaay, wareef ak ci cër biñ am ci seen liggéey. OLEO bokk na itam ci ay ndaje ak ay takk-der yu seen xel macc ci wàllu doxalal yoon wi. Waxtaan yooyu dañu wane ni, doonte kaaraange ci dem bi ak dikk bi bokk na ci li gëna am solo ci Biro Shérif bi ci 2025, [15]agence bi amul pexem kaaraange ci dem bi ak dikk bi leer, buñ boole ci niveau agence bi yépp. Jëf yi ñuy tëral ci wàllu dem bi ak dikk bi dañuy aju ci xalaatu takk-der yi, moo tax dañu wuute lool ci dëkk yi am kontraa ak barab yu amul benn mbootaay ci biir Komte bu King.[16]

**Njuréefu saytu dem ak dikk gi ci Komte bu King, 2020-2024**




Ndax amul benn pexe bu ëpp solo wala tegtal bu leer ci wàllu doxalal yoon wi, loolu dafay indi jafe-jafe yu mag ci wàllu dëppoo, njariñ ak joxe leeral. **Ci anam wu gëna jubal, sudee dañu bàyyee doxalinu yoon ci doxalinu takk-der yi, kurel gi mënul wóor ni ñi dëkk ak gan yi ci Komte bu King dañuy am paj mu méngoo te yamale.** Su ameewul ay jëf yu jaar yoon ngir dajale ay done, kurel gi mënul topp ci anam wu sistematik ay jeffin ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi ci Komte bu King. Njàqare dañu méngoo ak li Biro Saytukat bi gis, ni ñu ko fësalee ci audit 2022 bi ci jëfi Biro Shérif bi.[17]

Ngir gëna xam jëf yu Biro Shérif bi am ci jamono jii, ak tabax ci kaw rapooru Biro Saytukat bi ci 2022, OLEO jàngat na done yu taxawal dem bi ak dikk bi ci diggante 2020 ba 2024. OLEO gisna ni liggéeykatu Biro Shérif bi def nañu lu tollu ci 112,219 jëf yuy tere nit ñi dem ak gaaraas,[e] boole ci 87,167 taxawalug dem bi ak dikk bi.[18] Ci jamono jooju, lu tollu ci ñaar ci ñetti taxawal yu trafik yi dañu daan am àrtu, bindalu ñu leen këyit. Lu tollu ci 25% ci taxawal yi ci dem bi ak dikk bi, takk-der yi dañu lay bindal këyit, duñu la artu. Lu tollu ci 2%, ci saytu yu ndaw rek lañuy jàpp.

---

[d] Taxawal buñ sabab dafay am sudee ofisiye biy tënk yoon dafa taxawal nit ci njuumte bu ndaw waaye li ko njëkka def mooy seetlu wala amal lànket ci njuumte bu gëna tar. Li gëna bari ci seetlu yi ñuy amal ci barabu taxawal, du ndax ofisiye bi amna mandaa wala sabab bu mëna waral, waaye ndax dawalkat bi nangu na.

[e] Xayma bii dafa sukkandiko ci jàngat bi OLEO amal ci duggal yiñ bind te jëm ci doxalug sàrti dem ak dikk ci CAD (Computer Aided Dispatch, Sistemu Séddale ci Ordinatër) bi Biro Shérif bi tëral. Benn duggal CAD mën na amaale yenn saa yi ay jëf yu bari yuy tëral, loolu dafay tekki ni xayma bii mën na wàññi limu jëf yi.

OLEO xool na ñaata yoon lañuy taxawal dem bi ak dikk bi ndax njuumte yu jëm ci kaaraange, maanaam dawalkat bi mën na gaañ boppam wala ñeneen ñi, ñu koy méngale ak taxawalug dem bi ak dikk bi amul benn sàrt bu jëm ci kaaraange. Suñu xoolee ci bépp liggéey bu jëm ci doxalinu yoon ak gaaraas, taxawal yi ngir ñaawtéef yu amul benn kaaraange nekk nañu 52% ci bépp jëfu doxalal yoon bu takk-der yu Biro Shérif bi def.

Tolluwaayu doxalinu yoon bu gëna mag ci biir Biro Shérif bi amoon na ci Komte bu King bu amul benn mbootaay, niki noonu la dëkk yu melni Burien, SeaTac, ak Sammamish. Ci SeaTac, 34% ci taxawalug yoon yi kese lañu tëral ngir sàmmonte ak kaaraange, waaye ci Sammamish, daanaka 60% ci taxawalug yoon yi dañu daanu ci kategori bii.

## Méngale wàcci yoon yuy gàllankoor ak yi dul gàllankoor kaaraange tali bi ci Komte bu King, 2020-2024




Diggante 2020 ak 2024, liggéeykatu Biro Shérif bi jëfandikoo nañu doole ci 41 taxawal trafik, muy lu néew ci 0.01% ci taxawal trafik yépp. Doonte xeetu nit ñi dañu tuuti, amna motif yu am solo ci done yi. Ci jamono jooju, 3 ci 4 siwil yi bokk ci jëfandikoo doole, góor lañu woon. Rax ci dolli, doonte dawalkat yu ñuul yi nekk nañu 7% ci askanu Komte bu King,[19] bokk nañu ci 30% ci taxawal yi ci trafik yi, lu ci melni jëfandikoo doole, loolu dafa jur jaaxle ci jëfandikoo doole bu jaarul yoon ci dawalkat yu ñuul yi.[20]

## Defar ay digle ci wàllu politik

Tabax ci kaw background ak gis-gis ci jafe-jafe yi am ci yooni Komte bu King, OLEO xoolaat gëstu nasonaal ak jëf yu gëna baax ngir gëna baaxal kaaraange ci dem bi ak dikk bi, xoolaat jafe-jafe yi jëm ci wuute ci wàllu lakk ak koom ci doxalal dem bi ak dikk bi, ba noppi jàngat yi ci kaaraange dem bi ak dikk bi ak doxalal yoon yi ci yoon yu ñuy méngale. Wàll wi ci topp ci rapoor bii dafay fësal li gëstu bi wane. Politik yiñ mëna tànn ngir saafara jafe-jafe yii, dañu leen xaaj ñeenti wàll yu mag: xoolaat politik yiy jiite dogal yiñ jël ci wàllu doxal yoon; amal sàrt yuñ tëral ci anam wu otomatik; siwiliser yenn liggéey yu jëm ci doxalinu dem bi ak dikk bi;[f] ak gëna suqali dajale done ak jëfandikoo audit ngir gëna mëna xam pexe yi ñuy tëral ci wàllu dem bi ak dikk bi. OLEO séddoo limu gis ak mbootaay yi ànd ak moom, ñu daal di ràññee diglei politik yiñ tëral ci suuf ngir joxe ko Biro Shérif bi.

---

[f] Siwilisaasioŋ mooy jëfandikoo ay siwil yu amul ay gànnaay, ci palaasu ofisiye yu am gànnaayu yoon, ngir jàppale ñiy wàññi yoon wi. OLEO ak ay àndadoom dañu gëstu ba noppi xalaat ni ñuy xeexe ci siwilisasioŋ waaye ñu mujjee jël dogal ni duñu ci boole benn xalaat ci rapoor bii.

# Digle yi

**Ñeenti digle yii ñu ngi leen tëral ci jàppante ak naataango OLEO, ak mébet bu ñu bokk mooy gëna kaaraange dem bi ak dikk bi ci Komte bu King yépp.**

**1.** Xoolaat digle sàrt yu mag yi ngir mëna jiital tëraliinu yoon yiy àddu ci jalgati kaaraange dem ak dikk ci tali bi, wàññi li ñuy taxawal oto ci jëmul ci wàllu kaaraange ba noppi nas pexe ngir doxal yuy sukkandiku ci done yi kuréel gi yor.

**2.** Wàññi laaj yu bari ak di wër dara ci oto bi fekk dawalkat bi ànd ci su alkaati bi taxawloo oto bi, te jox dawalkat bi yelleefam ak baña boddi xeet.

**3.** Jël done yu mat sëkk ci bépp taxawloo ci dem bi ak dikk bi, boole ci leeral ci demografi, nga jël matuwaay yi gëna baax ngir dajale ay done, denc leen, ak jàngat leen ngir gëna leer ak gëna dooleel njub ak dëgg.

**4.** Sudee Biro Shérif bi dafa bëgga yaatal sàrti dem bi ak dikk bi, Komte bu King dafa wara njëkka def njàngale bu moom boppam ci mëna dem ak yamale, ba noppi sàkku ci askan wi yépp laata muy jëfandikoo sàrt yi.

# Digle 1

**Xoolaat digle sàrt yu mag yi ngir mëna jiital tëraliinu yoon yiy àddu ci jalgati kaaraange dem ak dikk ci tali bi, wàññi li ñuy taxawal oto ci jëmul ci wàllu kaaraange ba noppi nas pexe ngir doxal yuy sukkandiku ci done yi kuréel gi yor.**

Avoka yi ci Washington ak ci biir réew mi ñungi ñaan kurelu doolel yoon ñu njëkka taxawal ay taxawalug dem bi ak dikk bi ci ay ñaawtéef yu lalu ci kaaraange ci noonu lañuy tënk taxawalug ñaawtéef yu woyof yi.[21] Fokus bu bees ci doolel yoon ngir xool sabab yi gëna waral faat ci yoon, lu melni dawal bu baaxul, dawal bu jaarul yoon, ñàkka jëfandikoo ay tënk, ak gaawaay, lu am solo la, rawatina ginaaw bi ñu gisee ni musiba yu bonn yi ak gaañ-gaañu yu bawoo ci dawal dañu yokk ci etaa bi yépp.[22] Wàññi stop yi ngir ñaawtéef yu ndaw mën na yokk kaaraange ci dem bi ak dikk bi, tabaxaat wóolu askan wi, wàññi jafe-jafe yi ci wàllu poliis, ak wàññi coono xaalis bu amul njariñ ci askanu dëkk bi.[23]

Ci biir réew mi yépp, loraange yi mëna juddoo ci taxawalug oto yi duñu tolloo. Dawalkat yu ñuul yi ñoo gëna bari luñu leen di taxawal, te dawalkat yu ñuul yi ak Hispanik yi ñoo gëna bari luñu leen di seet, di leen jox këyit, jàpp leen,[24] ba ci ray leen suñuy taxawal oto yi.[25] Doonte amul lenn luy firndeel ni dañu wuute ci ni ñuy dawalee, dawalkat yu ñuul yi ñoo gëna bari luñu leen di taxawal ndax ay njuumte yu ndaw wala yu amul benn lu jëm ci kaaraange.[g,26] Coppite yiñ amal ci politik yiy tënk taxawalug dem bi ak dikk bi amul kaaraange, seen mébet mooy wàññi jafe-jafe yi ci jox ofisiye yi tegtal yu leer ngir ñu mëna bàyyi seen xel ci doolel sàrt yi ci wàllu kaaraange ak wàññi jëf yu melni taxawalug njuumte. Ci misaal, ci 2022, konsilu dëkk bu Philadelphia (Philadelphia City Council) dafa tere dem bi ak dikk bi taxaw ndax yenn sàrt yu ndaw te amul benn lu jëm ci kaaraange.[27] Ginaaw ñu tërale politik boobu, taxawalug dem bi ak dikk bi ci wàllu ñaawtéef yu ndaw yu góor ñu ñuul yi wàññeeku na tollu ci 54 pursaa, loolu nak dafay wane ni ñuy doxalee ci yoon ci dëkku Philadelphia.[28] Ci anam wu mel nii, bi njiitu Harold Medlock bu Fayetteville, North Carolina digal ay ofisiyeem ñu bàyyi seen xel ci doxal yoon ci jafe-jafe kaaraange yi gëna tar, ba noppi ñu bàyyi doxal yoon yu woyof, yu amul benn lu jëm ci kaaraange, dëkk bi gisna wàññeeku ci wuute ci wàllu xeet ci taxawalug dem bi ak dikk bi, ak lu néew luy ñàkk ci dem bi ak dikk bi. di laal krim yi amul benn lu jëm ci dem bi ak dikk bi.[29]

Ci Komte bu King, dogal yiñ jël ci wàllu doxal yoon, dañu leen bàyyi ci takk-der yi, te loolu moo waral ñu am gis-gis bu xaajaloo te wuute ci wàllu kaaraange yoon ci biir Biro Shérif bi yépp. Ni ñu ko fësalee ci rapooru Biro Kontukat 2022, Biro Shérif bi joxeewul yoon wu leer ci wàllu doxal yoon. Su ameewul ay mébet yuñ tëral ak ay metric performance,[30] agence bi amul kaadar bi war ngir mëna wax ni ay liggéeyam ci wàllu doolel dañuy am njariñ yu jëm ci kaaraange. Li OLEO digal dafay jàppale ab pexem doxal yoon bu lalu ci done, ñu defaree ko ngir gëna bàyyi xel ci jumtukaayi agence bi ci jafe-jafe yi gëna gàlankoor kaaraange yoon, ci noonu lañuy wàññi loraange yi ci yaram, xel ak koom-koom yi mëna juddoo ci taxawalug yoon.[31]

---

[g] OLEO amul sañ-sañu am done demografik yu mat te leer ci wàllu taxawalug dem bi ak dikk bi ci Komte bu King. Sunu sukkandikoo ci rapooru Biro Kontukat 2022, Biro Shérif bi amul done demografik yiñ soxla ngir jàngat wuute yi am ci wàllu race ci doxalinu dem bi ak dikk bi. Fi ñu tolli nii, leeral yi demografik yi Biro Shérif bi dajale, ñoom ñaar mënul ànd, te dañu jàpp ni wóoru ñu ci jàngat. Kon rapoor bii dafa sukkandikoo ci done yu réew mi ngir wax ci wuute gi am ci wàllu race ci wàllu doxal yoon ci dem bi ak dikk bi. See Auditor's Office, "Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals," 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

## 1.1 Njëkke ci saafara jafe-jafe yi ci wàllu kaaraange.

Làkku sàrt yi dafa wara leer ni takk-der yi am nañu sañ-sañu taxawal wala tëj dawalkat ngir mëna doxal benn ci sàrt yii jëm ci kaaraange ci dem bi ak dikk bi:[h]

a. Bépp jalgati kod kriminel;

b. Bépp ñaawtéef buy daw, maanaam ñaawtéef bu dawalkat bi def bi oto bi di daw, lu melni dawal bu jaarul yoon wala gaawaay bu bari;[i]

   i. takk-der yi waru ñu jël matuwaayi dawal ak permi buñu suspend wala buñu dindi sudee suspension bi wala dindi gi dafa am ci:

      - Sababi xaalis;
      - Benn ñaawtéef buñu def ci beneen etaa te du tax ñu dakkal wala ñu dindi lisence bi sudee ci Washington la amee; wala
      - Sitaasioŋ yi ci dem bi ak dikk bi wala yëgle yiy wax ni dañuy dakkal permi dawal bi ci digg bi;[j]

c. Bépp njuumte bu jëm ci jëfandikoo sentiiru kaaraange wala yeneen mbir yuy tëye;

d. Bépp jalgati ci liñ sant dawalkat yi ñu baña nangu, tëj, wala taxaw ci oto yu am làmp d'urgence, sirene wala siñaal taxaw.[k]

Làkku politik dafa wara leer itam ni takk-der yi mën nañu taxawal dawalkat yi ci njuumte ci ekipmaa sudee njuumte gi mën na jur loraange yu rëy ci kaaraange dawalkat bi wala ñeneen ñi ci tali, te taxawal yooyu dañu leen wara njëkka jëfandikoo ngir jàngale wala joxe leeral ci ni ñuy amee këyitu defar. Ab njuumte ci benn ekipmaa bu yegg ba nekk risk bu rëy ci kaaraange dawalkat bi wala ñeneen ñi ci tali bi, loolu dafay tekki ni, buñu sukkandikoo ci mbir yépp, seetlukat bu am xel, objectif mën na wax ni njuumte bi mën na indi mbëkkante wala gaañ-gaañu ci dawalkat bi, yeneen nit, wala ci wetam. [Mën na nekk]…sudee làmpu ginaaw yi, làmpu kanam yi, wala làmpu frein yi duñu dox ci guddi wala suñu gisee lu néew; pare-brise bu yàqu buy gàllankoor ni dawalkat bi di gisee; wala silencieux buy xëcc.[32]

Lii ñu la xelal mënul tere Biro Shérif bi jël matuwaay yi war ngir jàpp oto bu defoon ay jafe-jafe ci anam wu mëna jur loraange ci saasi ngir mbëkkante wala gaañ dawalkat bi wala ñeneen ñiy tukki ci tali.

## 1.2 Wàññi taxawalug dem bi ak dikk bi amul kaaraange.

Politigu Biro Shérif bi dañu ko wara xoolaat ngir tere ñu taxawal dem bi ak dikk bi ndax ñaawtéef yi amul benn kaaraange, lu moy lu jëm ci plaak bu réer wala plaak bu méngoowul ak màrku oto biñ bind, model, at, ak melo, ngir jàppale ci jëlaat oto yiñ sàcc. Bépp ñaawtéef bu amul benn lu jëm ci kaaraange mooy bépp ñaawtéef bu jëm ci këyit, lu ci melni jafe-jafe assurance, lisence, saytu, wala bind, ak itam bépp ñaawtéef bu jëm ci ekipmaa bu dul jur loraange yu rëy ci kaaraange dawalkat bi wala ñeneen ñi ci tali bi. Ci biir Etats Unis, barina ay àttekaay yu tëral sàrt yu mel noonu, yuy tere ofisiye yi tàmbali taxawal oto yi su amee njuumte yu ndaw. Ci Philadelphia, San Francisco, ak Virginia, dañu tere ofisiye yi tàmbali taxawal ndax

---

[h] Jariñu ak ëmbiitu digle bii ñu ngi ko jëlee ci sàrtu kër gi ñu nara tëral 1512 (2025).

[i] Ngir am ci lu gëna leer ak li yoon wax ci oto yi nga xamni seen wàcci yoon dafay nekk li ñuy "dañuy sàcc," xoolal ci WAC (Washington Administrative Code, Kodu Admisnistratif bu Washington) 308-104-160, https://app.leg.wa.gov/wac/default.aspx?cite=308-104-160.

[j] Xoolal RCW (Revised Code of Washington, Kodu Washington bun Soppali) 46.20.342(1)(c)(ii), (v), wala (vii), ni ñu ko joxee ci làkku projet de loi kër giñ nara def 1512 (2025), Sec. 3(1)(a)(ii).1512.pdf.

[k] Xoolal RCW 46.37.190, Xoolal, https://app.leg.wa.gov/rcw/default.aspx?cite=46.37.190.

yenn ñaawtéef, lu ci melni imatrikulaasion oto bu jeex (ci anam wu ñu ko tëral), làmp yu dul dox (fileek làmp yépp fay), ak mbir yu tafu ci seetu retroviseur bi.[33] Yeneen àttekaay yi dañu jàppee mbir yii ni ñaawtéef yu ndaw:

a. Vitre tinte ak otokolaŋ,[34]
b. Soppi dëkku plaak,[35]
c. Jëfandikoo jumtukaay yu baaxul,[36]
d. Dowal oto bu fees dell ak nit;[37] ak
e. Parchok bu yàqu tuuti.[38]

## 1.3 Jox takk-der yi tegtal bu sukkandiko ci ay done ngir gëna kaaraange dem bi ak dikk bi.

Biro Shérif bi dafa wara tëral benn jëf bu mat sëkk buy jëfandikoo ay balluwaayi done yu bees, boole ci xibaar yu bawoo ci agence trafic municipaal, ngir tegtal pexe yu am solo ak fexe matal ni jumtukaay yi dañu sëgg ci jafe-jafe kaaraange trafik yi gëna am solo. Ci janoo ak OLEO, kilifa yi ci Biro Shérif bi dañu wax ni dañuy jëfandikoo ay done yuñ am ngir gëna dooleel yoon ci yoon yi ak yoon yi am njuumte yu bari ci wàllu kaaraange, lu melni gaawaay wala daw ci làmp yu xonk yi. Waaye anam yooyu ñu ngi koy jëfandikoo ci anam wu wuute ci biir agence bi, te dafay faral di aju ci takk-der yi jël matuwaay bi. Ndawi Biro Shérif bi leeraloon nañu itam ni agence bi mëna liggéeyandoo ak ingenieur yi ci wàllu dem bi ak dikk bi ak ñiy waajal dëkk yi ngir jëfandikoo ay done ngir saafara jafe-jafe yi ci jëmmal yoon yi, te loolu dafay indi jafe-jafe ci dem bi ak dikk bi.

Njiitu Biro Shérif bi dafa wara wéy di jëfandikoo ay done yu bawoo ci balluwaay yu bari, lu ci melni dokimaa ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi, plainte askan wi, ak done yu am solo ci taarix, ngir tegtal pexe yu am solo yi ak boole ab jego bu mbootaay bi yépp ngir natt jëf yu am solo yi ak seeni njeexital ci njariñu kaaraange ci dem bi ak dikk bi. Jox takk-der yi ay tegtal yu leer te lalu ci ay done dina tax ñu wàññi risku têddee bi ci dogal yi ñuy jël ngir doxal yoon, ba noppi gëna dëgëral wóolute gi am ci diggante askan wi ak kurelu doxal yoon.

## 1.4 Def ay pexe yudul yar nit, yu lalu ci sababi jalgati dem bi ak dikk bi.

Biro Shérif bi dafa wara tontu ci njuumte yi amul benn lu jëm ci kaaraange, jëfandikoo matuwaay yu amul yar yuy saafara jafe-jafe yi, moo gën ñu yokk ci jafe-jafe yi dawalkat bi mëna am. Ci misaal, sudee dawalkat bi defaruwul benn làmp bu yàqu ndax xaalis bu néew, joxe citation ak amande dafay yokk coono xaalis bu dawalkat bi te mën na gëna yeexal seen kàttan ngir saafara jafe-jafe làmp bi. Gëstu dafa wane ni amande yi ak fere yi ci seen bopp mënu ñu tere nit ñi def lu baaxul,[39] te dañuy gàllankoor nit ñi am xaalis bu néew.[40]

Ci atum 2024, Departemaa Poliis bu Burien, biy liggéey ci kontraa ak Biro Shérif bi, amal na 145 inspection ci chaise auto ba noppi jënd 45 chaise auto ngir séddale ko ci njaboot yi amul, jëfandikoo xaalis bu bawoo ci ndimbalu réew mi. OLEO dafay ñaax Biro Shérif bi mu wéyal amal ay prograam yu jëfandikoo ay pexe yu dul yar ngir dawalkat yi am jumtukaay yi war ngir mëna doxal ci tali ci jàmm.

## Digle 2

### Wàññi laaj yu bari ak di wër dara ci oto bi fekk dawalkat bi ànd ci su alkaati bi taxawloo oto bi, te jox dawalkat bi yelleefam ak baña boddi xeet.

Wàññi yaatuwaayu laajte yi takk-der yi mëna def ci jamonoy taxawalug dem bi ak dikk gi ak tënk seen mëna ñaan ndigal ngir seet benn oto mën na jàppale Biro Shérif bi mu sëgg ci ay moomeelam yu néew ci doolel kaaraange gi jëm ci ñaawtéef yi ci noonu lañuy wàññi wuute ci xeetu nit ñi ci doolel dem bi ak dikk bi. Doonte yoon mayna ñu laaj ay laajte yu yaatu ak seetlu ci deggoo, dañuy faral di lëkkaloo ak jëf yu poliis yuy jaay doole ak tëddee.[41] Ci misaal, poliisu San Francisco (San Francisco Police Department) dafa wax ni seen mébet mooy wàññi jafe-jafe yi ci taxawalug oto yi, ginaaw bi ñu soppee sàrt yi ñu tëral ngir wàññi laaj yi ofisiye yi mëna laaj suñu taxawee ci oto yi. Yoonal yu bari ñu ngi soppali ni ñuy jëfandikoo seetug deggoo.[42] Ci Ekost, seetlu yi deñu leen terewoon ndax deñ kaa amal ci ay lim yu kawe lool te ñungi doon wër ndaw ligeeykat yi ci anam wu jaarul yoon.[43] Ginaaw biñu teree loolu, seetlu yu baax yi, yu ofisiye yi fekk ay moomeel yuñ sàcc wala drog, dañu yokk, ba noppi limu krim yi wàññeeku.[44]

Seetug deggoo dafa jaaxal nit ñi ndax dañu leen di jëfandikoo bu baax. Seetug nangu gi wuute na ak yeneen xeeti seetlu yi,[l] ndax seetlub nangute mënul sàkku ci yoon ñu joxe firnde, loolu dafay tekki ni amul benn firnde buñ santaane wala gëm ni defkatu ñaawtéef bi am na. Xalaatal ni ñuy sàkku ndigalu seet gi mingi aju ci xalaatu takk-der bi ak bëgg-bëggu ki ñuy seet.

Doonte seen tur la, gëstukat yi ak àttekat yi dañu wax ni “seetug nangu du bari luñu koy def ci sa bopp.”[45] Doonte dañu wax nit ñi ni dañu am sañ-sañu baña nangu, boroom xam-xam yi ci wàllu yoon dañu jàpp ni déggoo ak benn ofisiye taxul ñu nangu dëgg. Ñu bari dañu ko nangu ngir moytu seen bopp, ndax xam nañu ni duñu mëna bàyyi ndaje bi rek, te mën nañu jànkoonte ak yeneen jafe-jafe.[46] Ñi gëna ñakk kaarange, lu ci melni xale yi ak ñi am feebaru xel, ñoo gëna mëna “bàyyi” seen yelleef ci wàllu yoon, ndax njiit yi ñoo leen di gëna dooleel, te duñu mëna xam bu baax li ci mëna xew.[47]

Done yiñ joxe ci réew mi dañu wane ni seetlu yi ñuy amal ci dawalkat yu ñuul yi, waaye li ëpp ci ñoom duñu gis luñu tënk.[48] Doonte dañu gëna bari luñuy seet ci dawalkat yu ñuul yi, waaye ñu ngi koy gis ci njëg yu noonu wala yu gëna néew buñu ko méngale ak seetlu dawalkat yu weex yi.[49] Caggan giñ def ci done yiñ jëlee ci dem bi ak dikk bi dafa wane ni dawalkat yu ñuul yi ak Hispanik yi ñoo gëna néew dawalkat yu weex yi.[50] Doonte yenn kilifa yiy tënk yoon dañu wax ni seetlu yi ci ndigalu jumtukaay la bu am solo ci amal lànket, gëstu yi dañu wane ni ñoo gëna néew luñuy gis luñu tënk ludul seetlu yi lalu ci sabab bu mëna am,[m] te amul benn firnde buy lëkkale jëfandikoo seetlu ci ndigalu wàññi def naka su dul noonu.[51]

---

[l] Sudee dañu amal seetlu ci ndigalu mandaa, sabab bu mëna am, wala ñaawtéef bu dëggu, dañu wara dëppoo ak benn 'firnde estàndaar', wala niveau de proof, ngir gëna dëggal seetlu bi. Loolu dafay tëral benn sàrt buñ tëral, ba noppi may kilifay tënk yoon sañ-sañu jëfandikoo suñuy amal seetlu bu mëna jàpp ñeenteelu coppite bi ci yelleefu seetlu bu amul sabab.

[m] Gëstu bii dafa wane ni seetlu yi ci nangu ñoo gëna néew njariñ yeneen seetlu yiy laaj firnde yu gëna kawe; waaye, OLEO xamle na itam ni Kuur bi gëna mag ci Etaa bu Washington dafa tere seetlu bu amul ndigal bu sukkandiko ci sabab bu wóor. *Etat de Washington v. Tibbles (State of Washington v. Tibbles)* (2010).

Doonte barina jafe-jafe yu am solo ci jëf ji, Biro Shérif bi dafay faral di amal ay seet ngir nangu suñu ko jàppee ni "dafa yoon te mën nañu ko wax," waaye seetlu yooyu toppu ñu ci anam wu sistematik wala ci anam wuy may jàngat bu am solo wala leer ci mbooloo.[52] Ci anam wu mel nii, su amee politik yu leer ak tàggat yu jëm ci kaaraange gi yor laaj ak doxalin ci jamonoy taxawalug dem bi ak dikk bi, takk-der yu Biro Shérif bi mën nañu dugg ci pexe amal lànket yu am jafe-jafe, te mën na yàq wóolu askan wi ak seen diggante.

## 2.1 Takk-der yi war nañu leen sàkku ñu tënk seen laajte ci jamonoy taxawal ci sabab bi tax ñu tàmbali taxawal bi.

Biro Shérif bi dafa wara fexe ba taxawal yi jëm ci saafara jafe-jafe yi ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi, du nekk jumtukaay bu gëna yaatu ngir amal lànket yu gëna yaatu. Bu ñu tënk laajte yi ci jamonoy taxawal ci sabab bi tax ñu taxaw, loolu dafay tax takk-der yi bàyyi seen xel ci saafara jafe-jafe yi, loolu mooy gëna dooleel kaaraange trafik bi, ba noppi jàppale dawalkat yi ñu jàngal leen. Làkku politik dafa wara leer ni sudee takk-der bi dafa am luñu ko mëna ñaawlu ni defkatu ñaawtéef amna, mingi am, wala mingi waaja am, mën nañu gëna amal lànket.[53] Liñu la xelal mooy wàññi taxawalug njuumte, te gëstu yi dañu wane ni loolu dafay gàllankoor dawalkat yu ñuul yi ci réew mi yépp.[54] Li ñu tënk ci yaatuwaayu laajte yi warul tere takk-der yi wax ci yeneen sàrti kaaraange ci tali, jàngal dawalkat yi ci sàrti kaaraange yi amul benn lu jëm ci kaaraange, wala joxe këyitu defar su ko jaree.

## 2.2 Takk-der yi war nañu wax dawalkat bi sabab bi tax mu taxaw ci ndoortelu daje bi.

Njàngaley politik dafa wara taxawal seen xaar-xaar ci takk-der yi ñu jokkoo bu leer ci ndoortelu taxawal trafik, gëna yombal xam-xam bi ci diggante ofisiye yi ak dawalkat yi ak gëna dëgëral diggante askan wi ak sàmmonte yoon.[55] Tambali taxawal ak sargal ak leer méngoo ak liggéeyu Biro Shérif bi ci yoon ci doxalin te wane nañu ni dafay joxe wóolu ci waa askan wi.[56] Gëstu dafa wane ni topp sàrti yoon mën na tax dawalkat yi gëna déggal seen bopp, ba noppi di jàppale dawalkat yi ñu baña gëna yokk.[57]

## 2.3 Tere "seet gu ànd ak nangu" suñu taxawalee dem ak dikk gi.

OLEO dafay digal Biro Shérif bi mu bàyyi amal seetlu yi ci jamonoy taxawalug dem bi ak dikk bi. Jëf jooju dafay indi jafe-jafe yu bari, lu ci melni luñu mëna jaay doole, wuute ci xeetu nit ñi ñuy seet, ak ñàkka am firnde buñ laaj. Doonte yoon may na ñu def seetlu ngir nangu, gëstukat yi dañu wax ni seetlu yu mel noonu duñu musa am ci sa bopp. Ndax jafe-jafe yu am solo yooyu ak ñàkkum Biro Shérif bi ci benn pexe wala done yu mat sëkk ngir jàngat njeextalu seetlu yi, OLEO dafay digal Biro Shérif bi mu dakkal jëf jii.



## Digle 3

**Jël done yu mat sëkk ci bépp taxawloo ci dem bi ak dikk bi, boole ci leeral ci demografi, nga jël matuwaay yi gëna baax ngir dajale ay done, denc leen, ak jàngat leen ngir gëna leer ak gëna dooleel njub ak dëgg.**

Yokkateg jëf ci dajale done dina tax Biro Shérif bi mëna jàngat njariñ, yamale, ak outliers ci doxalinu takk-der, jàppale jëm kanam bu mat sëkk, pexe agence-wide ngir kaaraange dem bi ak dikk bi.[58] Doonte done yi mën nañu nekk jumtukaay bu am solo ngir gëna mëna kaaraange dem bi ak dikk bi ci diwaanu Biro Shérif bi, njariñam mingi aju ci kalite done yi ak ni ñu ko mëna jàngat bu baax. Wattukat yi ci réew mi defar nañu ay pexe ngir dajale ay done ci taxawalug dem bi ak dikk bi ci anam wu ñu mëna jàngat te ba noppi wàññi coono administratif bi amul njariñ ci kaw ofisiye yi.[59] Fi ñu tolli nii, doonte Biro Shérif bi dafay dajale yenn xibaar ci taxawal yi, done yi mat nañu, ñépp mënu leen jëfandikoo, te jafe nañu jàngat. Fexe ba ñépp mëna am done ci wàllu taxawal dem bi ak dikk bi lu am solo la, ndax done yu baax te leer mën nañu yokk wóolu nit ñi ak taskatu xibaar yi ci doxalal yoon, jàppale jàngat yu gëna am solo ci wàllu politik, ak jàppale ñiy jël yenn dogal.[60]

### 3.1 Dejale te jàngat ay done ci bépp taxawal ci dem bi ak dikk bi.

Biro Shérif bi dafa wara bind bépp taxawal ci dem bi ak dikk bi, ak lu seen njeexital mëna doon, ba noppi dajale ay leeral ci nit ñi ci taxawal ci nekk ngir gëna mëna bind ak leer ci jëfi doxalinu agence bi. Ndawi Biro Shérif bi yi dañu fësal seen tiis ni yokk li ñuy laaj ci dajale ay done ci jamonoy taxawal yi mën na tax takk-der yi baña tàmbali taxawal yi. Waaye, mën nañu wàññi coono administrasoŋ bi ci kaw takk-der yi suñu defee ay menus yuy wàcci ci sistemu dispatch bi ordinatër di jàppale (CAD). Rax ci dolli, dajale ay done ngir bépp taxawal ci dem bi ak dikk bi mën na wàññi coono administratif ci diir bu gàtt ndax dafay wane ni ñuy xaajalee ay moomeel ak jàppale Biro Shérif bi mu jëm kanam ak gëna yombal ay jeego ngir doxal yoon wi ngir gëna am njariñ. Bépp taxawal trafik amna xeetu taxawal yii:

a. Ñu ngi koy amal ngir jàngale;
b. Suñu joxee àrtu ci kàddu,
c. Dafay bawoo ci benn barabu yoon wala barabu saytu bu liggéeykatu Biro Shérif bi taxawal wala ñu liggéey ci;
d. Suñu àrtoo ci kàddu,
e. Suñu dañu ko bindal këyit, wala
f. Sudee dañu ko jàpp.

Done ci ñuy jëlee ci taxawal boobu dañu wara am:

a. Sabab bi waral ñu taxawal nit ki;
b. Fu jàpp gi mujjee (lu ci melni jàngale, àrtu ci kàddu, àrtu ci yoon, bindal këyit, jàpp nit ki, ak ñoom seen.);
c. Waxtu ak barab bi ñu ko taxawloo;

d. Say mbiri bopp yi mëna sabab taxawal gi, lu ci melni:
   i. Sa jëmm ji (sa xeet, nekk góor/jigéen, say at); ak
   ii. Daraja takk-der gi (raŋ, yaggaay ci liggéey bi); ak
e. Jëf yi takk-der gi def bi mu lay taxawloo, lu ci melni:
   i. Sudee dañu dindi nit ci biir oto bi, ñu dindi ko ci laal yaram, ñu tëj ko ci trotoire bi, ñu jàpp ko ay loxo, wala ñu defal ko seetlu lëk;
   ii. Ndax seet nañu ko ak lu waral seet gi;
   iii. Li gis ci seet gi, lu ci melni ndax kontreband, ngannaay, alalu sàcc, xaalis, wala amul lenn luñu ci gis;
   iv. Tegtal ci moomeel yiñ jàpp ak leeral ci jëfandikoo doole; ak
   v. Leeral ci jëfandikoo doole.

## 3.2 Jël ak jàngat done demografik ci taxawal yi ci dem bi ak dikk bi

Leeral demografik yi dañu leen wara dajale ci bépp taxawal ci dem bi ak dikk bi ngir xool ndax, ak ba fu, jëf yu Biro Shérif bi di doxal ci dem bi ak dikk bi mën nañu am njeexital yu wuute ci askan wi ci Komte bu King. Rapooru Biro Saytukat yi 2022 dafa wane ni Biro Shérif bi du jël wala jàngat ci anam wu sistematik ay done demografik ci taxawal yi ci wàllu liggéey. Loolu dafay tekki ni Biro Shérif bi mënul xoolaat wuute yi mëna am ci taxawal yi. [61] Biro Saytukat bi dafa digal Biro Shérif bi mu dajale ay done demografik yuñ gis ci bépp taxawal trafic, ak lu mëna nekk sabab taxawal bi wala njeexital bi.

Ndawi Biro Shérif bi dañu fësal yenn xalaat ak tiis ci bind xibaar yiñ gis ci demografik ci jamonoy taxawalug dem bi ak dikk bi. Jafe-jafe yi bokku na ci lu mëna ñàkka dëggu, ñàkka mëna jëfandikoo, ak lu mëna yàq diggante depite yi ak dawalkat yi. Waaye, buñu sukkandikoo ci Departemaa bi yor Yoon ci Etats Unis (U.S. Department of Justice), dañu jàpp ni mooy gëna baax ñu bind li ofisiye bi di gis ci dàntite nit, ndax gis-gis boobu - ak lu mu mëna doon - mën na yóbbe nit ñi ñu bañ leen wala ñu bañ leen.[62]

OLEO dafay jàppale te fësal digle biy wax ni Biro Shérif bi dafay dajale done demografik yuñ gis ci bépp taxawal dem bi ak dikk bi. Takk-der yi waru ñu laaj nit ñi ñu taxawal ñu wax seen bopp benn ci màndarga yiñ lim ci suuf.[63]

Digle bii mingi sukkandiku ci sàrt biy wax ci profilaasu xeet bu 2015 (California's Racial and Identity Profiling Act of 2015), biñ tëral ngir wàññi profiling racial ci wàllu doxal yoon. Ci California, dañu sàkku ci kilifa yi ñu dajale ay done ci wàllu demografi ci bépp taxawal ci oto ak doxkat.[64] Done yiñ dajale dañu wara am:

a. Li depite yi di gis ci nit ñi ñu taxawal: lakk wala xeet,[n] góor wala jigéen, jubluwaay ci wàllu awra,[o] at, nekkinu laago, ak xam Àngle

b. Ndax nit kiñ taxawal dafa melni ku am jafe-jafe wérgi-yaramu xel wala doxalin

c. Làkk wala xeet wi takk-der bi bokk ak at yi mu def ci liggéey bi[p]

### 3.3 Yamale anamuwi ñuy jëlee done yi.

Bi Biro Shérif bi di yeesal fi mu nekk losisel biy joxe done,[q] OLEO dafay digal ñu jëfandikoo occasion bii ngir taxawal anam yu ñuy jëlee ay done ci sistem yépp (bokk ci, waaye duñu yam ci, CAD, IAPro, Mark 43, ak Sector[r]), ngir mëna wax ni done yi dugal ci yeneen liggéeykat dañuy méngoo bu baax. Done yuñ yamale dina tax itam ñu mëna jàngat done yiñ dajale, suko defee ñu gëna mëna jëfandikoo leen ci anam wu gëna am njariñ.

a. Dañu wara méngale losisel bi ak téere bi tuddu Biro Shérif bi ngir mëna wax ni barabi dugal done yi méngoo nañu ak jëfi doolel yi politik bi may.

---

[n] OLEO dafay digal Biro Shérif bi jël kategori racial ak etnik yi Biro Census bu Amerique (U.S. Census Bureau) di jëfandikoo - weex, ñuul wala Afro-Americain, Asie, Hawaiian wala Islander Pacific, waa Amerique, Hispanic wala Latinx, ak Multiracial - suko defee ñu mëna méngale done yiñ dajale ak yeneen done. OLEO nanguna ni limu bii mënul tënk bu baax dàntite racial ak etnik yu dëkk Komte bu King te dafay woo askan wi ñu joxe xalaat ngir jàppale ci saafara jafe-jafe yii ci done yi.

[o] Ñiy xeexal askanu LGBTQ+ (Lesbian, Gay, Bisexual, Transgender, Queer/Questioning and others, Lesbienne, Gay, Bisexuel, Transgenre, Queer/yi bëgga xam ki gnou doon ak gni ci des)amnañu ay jaaxle yu dëggu ci wàllu doolel yoon ci dajale xibaar ci jubluwaayu awra wala genre bu nit ñi, di wax ni dañu ragal ñu gëna beddi leen ak dooleel bët yu am yi. Teerewul, ngir jàngat wuute yi ak topp misaali profiling yu mëna am ci wàllu awra wala genre, dañu digal ofisiye yi ñu bind seen gis-gis ci genre ak jubluwaayu awra bu ku nekk. Loolu dafay defar ay poñ yu done yuy wane ni ofisiye bi di gisee nit ñi ñuy taxawal, lu mëna jàppale ci ràññee profiling bu mëna am ak yëgle coppite yi war. Xoolal Leonore F. Carpenter ak R. Barrett Marshall, "Walking While Trans: Profiling of Transgender Women by Law Enforcement, and the Problem of Proof," William & Mary Journal of Race, Gender, and Social Justice, Nowàmbar 2017, https://scholarship.law.wm.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=1461&context=wmjowl.

[p] OLEO defay ñaax Biro Shérif bi mu defar ay pexe ngir denc xibaar yi ngir depite bu nekk, suko defee ñu baña dugal ko ci loxo ci beppu taxawal ci dem bi ak dikk bi. Li gëna wóor mooy nga dajale leeral yii boole ci dindi leneen lu mëna xàmmee nit ki, lu ci melni tur yi ak nimero insigne yi, te loolu mën nañu ko def soo joxee depite bu nekk benn xammekaay bu amul fenn. Pryor, Marie, Phillip Atiba Goff, Farhang Heydari, ak Barry Friedman "Collecting, Analyzing, and Responding to Stop Data: A Guidebook for Law Enforcement Agencies, Government, and Communities," 2020, The Center on Policing Equity, the Policing Project ci New York University School of Law, ak the California Department of Justice, https://static1.squarespace.com/static/58a33e881b631bc60d4f8b31/t/5f7335d7294be10059d32d1c/1601385959666/COPS-Guidebook+Final+Release+Version.pdf.

[q] Biro Shérif bi mingi fi mu nekk di jaar ci sistem CAD bu bees.

[r] Biro Shérif bi dafay jëfandikoo sistem losisel yu bari ngir dajale ay done, lu ci melni: Sistem CAD dañu koy jëfandikoo su depite yi tontu woote yi ba noppi joxe àrtu wala bindal këyit. IAPro sistem losisel la buñuy jëfandikoo ngir toppu amal lànket yi ak dosiye yiy jëfandikoo doole. Mark43 base de done la bu def lépp luñu jëlee ci bi ñuy jàpp nit. Fi may jeexalee mooy Sector bi Patrolu Etaa bu Washington (Washington State Patrol) yor, mooy denc done yiñ tëral ci wàllu dem bi ak dikk bi ci etaa bi yépp. Done yi jëm ci benn mbir mën nañu leen denc ci sistem losisel yu bari, moo tax jàngat bi dafay jafe ba noppi di jël jotu liggéey.

b. Done yi jëm ci taxawal yi dañu leen wara denc ci benn sistem ngir yombal jàngat bi. Done yiy wane limu taxawal yi ci dem bi ak dikk bi, seeni barab, seeni njariñ, ak limu nit ñi dañu leen wara jox ñépp.

c. Depite yépp war nañu def ay tàggat yuy wéy di am ci ni ñuy jëfandikoo jumtukaayi dajale done yu Biro Shérif bi.

d. Biro Shérif bi dafa wara jëfandikoo losisiel buy xàmmee ci saasi ay njuumte ak ay barab yu ñàkk, di jàppale ngir mëna wóor ni done yi dañu dëggu te wàññi njuumte yi ci rapoor yi.

## Digle 4

**Sudee Biro Shérif bi dafa bëgga yaatal sàrti dem bi ak dikk bi, Komte bu King dafa wara njëkka def njàngale bu moom boppam ci mëna dem ak yamale, ba noppi sàkku ci askan wi yépp laata muy jëfandikoo sàrt yi.**



“Saytu bu nu otomatise” mooy pexem tëral yoon ci dem bi ak dikk bi, muy jëfandikoo ay kameraa ngir foto plaaku oto yiy def njuumte, ba noppi yónnee boroom oto bi àrtu wala këyit ci mail.[65] Camera yi ñooy gëna bari luñu leen di jëfandikoo ngir saytu gaawaay gi ak lumiyeer xonk yi, ndigam yenn réew yi ci réew mi ñu ngi jàngat yeneen xeetu kamera, lu ci melni kamera ngir seetlu dawal gi te kenn xamul lumuy tekki.[66] Fi ñu tolli nii, kamera yu leer xonk yi ñu ngi leen di jëfandikoo lu néew ci biir Biro Shérif bi, rawatina ci dëkk Kenmore.[67]

Jëfandikoo sàrt yiñ tëral ci anam wu otomatik dafay jur njariñ ak loraange ci depite yi ak ci askan wi. Benn ci njariñ yi gëna mag ci doxalal yoon otomatik mooy dafay wàññi limu taxawalug dem bi ak dikk bi, wàññi risku daje yu am loraange ak jaxasoo yuy lore ci xel diggante liggéeykatu Biro Shérif bi ak waa askan wi.[68] Doxalal sàrt yi ci anam wu otomatik mën na tax itam ñu soppi doxalin dawal bu mëna jur risk, ba noppi wàññi mbëkkante yi.[69]

Waaye, tëral sàrt yi ci anam wu otomatik mën na indi jafe-jafe ci wàllu nëbbëtu ak wattu.[70] Kamera yiy saytu gaawaay yu bari dañuy jëfandikoo xaralay jàngat plaaku otomatik ALPR (Automated License Plate Recognition, xàmme otomatise plaaku oto yi), muy mëna jàpp ba 1,800 plaaku simili bu nekk. Agence yiy tënk yoon jëfandikoo nañu xaralay ALPR ngir saytu askan wiñ beddi, lu ci melni askan yu ñuul yi ak askan wi am xaalis bu néew.[71] Sosiete ALPR yiy seddale ak denc ay done yu am solo ci barab yi, dañu leen jiiñ itam ni dañuy xañ yooni réew mi ndax dañuy séddoo leerali barabu oto yi ak agence federal yiy saytu fronceer yi.[72] Rax ci dolli, kontraa yi am ci digganté agence yiy tënk yoon ak jaaykatu ALPR yi duñu ko siiwal ñépp, te loolu dafay tere leer ci askan wi.

Doxal yoon ci anam wu otomatik mën na yokk wuute gi am ci wàllu race ak koom ci doxalal yoon ci dem bi ak dikk bi. Dañuy faral di def kamera yi ci koridoor yu gaaw yi, yu nekk ci dëkkuwaay yu bari askan, yu bari ay nit ñu ñuul ak ñi am xaalis bu néew.[73] Kon amande yi bawoo ci bindal nit këyit ci tali yi ñoo gëna mëna gàllankoor dawalkat yu ñuul yi ak dawalkat yu am xaalis bu néew yi mën nañu am jafe-jafe fay leen.[74]

Bi OLEO xamul benn pexe bu am ci jamono jii ngir yaatal doolel otomatik ci Komte bu King, Biro Shérif bi dafa wara jël matuwaay ngir yokk jëfandikoo gi ndax budget bi ak jafe-jafe yi ñu wax ci kaw. Leneen luy jaaxal nit ñi ci wàllu doxal yoon ci anam wu otomatik mooy amande yi mën nañu ëpp ba noppi di jur xaalis,

te du saafara jafe-jafe yi ci yoon wi. Gëstu dafa wane ni suñu gënee defar yoon yi,[75] lu melni wecci siñaal yi wala siñaal yi ñuy taxawal yoon yi ak ay rond-point (mën na wàññi accident yiy gaañ nit ñi ci 75% te mën na gëna baaxal kaaraange gi ci dem bi ak dikk bi).[76]

### 4.1 Biro Shérif bi warul amal benn sàrt bu bees wala bu yaatal bu otomatise ba keroog ñu jàngat mën-mën ak yamale di wane anam wu ñuy saafara jafe-jafey nëbbëtu ak yamale.

Ginaaw ñu joxe firnde ni doolel otomatik mën na indi jafe-jafe yu bari ci askan wi am xaalis bu néew ak askanu kulòor,[77] OLEO dafay digal Komte bu King mu def yeneen gëstu balaa muy yaatal doolel otomatik. Lu ci melni yokk plasement kamera, yaatal jëfandikoo kamera yi fi nekk (ci misaal, jëfandikoo kamera zone ekol ci biti waxtu yi wala jubluwaay yi), wala dugal xaralay doxal yoon yu bees ci Biro Shérif bi. Njàngat ci mëna dem ak yamale dafa wara xoolaat li ci topp:

a. Ban dëkk la am jafe-jafe kaaraange ci dem bi ak dikk bi, lu ci melni dawal gaawaay ak xañ sàrt yi, te loolu mooy gëna am njariñ ci doxal sàrt yi ci anam wu otomatik
b. Ndax xaalis bi mën nañu ko gëna jëfandikoo ngir saafara wala gëna suqali jëmmal yoon yi moo gën ñu koy jëfandikoo ci otomatik.
c. Sudee li ñuy jëfandikoo kameraa ci tali bi yokk xaajaloo ci diggante xeet yi wuute ci Komte bu King;
d. Xarañteg kamera yi fi nekk ci biir Biro Shérif bi ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi - nattukaay bi wara am ci njariñu kaaraange ci dem bi ak dikk bi, du am xaalis wala limu citation yiñ joxe;
e. Jëfandikoo benefiis yi am ci jamono jii, jafe-jafe yi ci wàllu nëbbëtu, ak jafe-jafe yi ci wàllu yamale ci doxalal yoon ci biir Biro Shérif bi;
f. Jëf yi ñuy séddoo ay done ci diggante Biro Shérif bi, yeneen àttekaay yi ak agence federal yuy tënk yoon;
g. Nañuy jëfandikoo ay liggéeyukaay wala ay liggéeykat ak seeni losisel, boole ci seeni jëf ci séddoo ay done
h. Doxalinu jëfandikoo ak dencu ay done.

Njàngat ci mëna dem ak yamale dafa wara am ci ab agence bu moom boppam ci Biro Shérif bi, ñu defar ko ci jàppante ak askanu dëkk bi ci biir jurisdiksioŋ bi, ngir mëna wax ni askan wiñ laal am xëcc bu doy ngir joxe seeni xalaat ak seeni xalaat ci liggéey bi yépp.

### 4.2 Bépp pexe ëlëg ngir amal yeneen sàrt yuñ tëral ci otomatik dafa wara nekk ci ndigalu askan wi, ba noppi ñu bàyyi seen xel ci saafara jafe-jafe yi ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi.

OLEO dafay digal ni bépp jéego buñ jël ngir tëral matuwaayi doxal yoon, dañu ko wara def ci jàppante ak askanu dëkk bi. Sudee, ginaaw biñu matalee ba noppi siiwal jàngat ci mëna dem ak yamale, Biro Shérif bi ak ay àndadoom ci nguur gi dañu jël dogal ni dañuy yokk doxalin otomatik, waa askan wi dañu wara bokk bu baax ci dogal yi jëm ci plasement kamera yi ak pexe doxalin, boole ci ay daan, ngir mëna wax ni prograam bi dafay xoole ci kaaraange dem bi ak dikk bi.

Bépp prograamu tëral sàrt buñ mëna jëfandikoo ci ëlëg dafa wara wàññi loraange yi bawoo ci daan xaalis, te loolu mën na indil yenn askan yi jafe-jafe yu metti te baña saafara jafe-jafe yi ci wàllu kaaraange ci dem bi ak dikk bi. Yoonal yi dañu wara bàyyi xel ci lii ci topp:

a. Prograam pilote yiñ mëna def ngir ay sitaasioŋ yu dul teg ay daan, lu moy loolu dañuy àrtu ci diir bu ñu jàpp
b. Ni amande yi di doxee ak anam yiñ mëna fayee (lu melni, amande yi lalu ci xaalis biy dugg wala palaŋu fayukaay bu amul benn njëg), ak yeneen pexe yu melni tikket yuñ defar wala liggéeyal askan wi
c. Ni ñuy mëna wóor ni bépp xaalis bu bawoo ci doxalal yoon ci otomatik dañu koy dugalaat ci jëmmal yoon yi askan wi ràññee ak gëna suqali kaaraange ci dem bi ak dikk bi

# Baati tëjte

Parteneer OLEO yi xamle nañu ni kaaraange ci dem bi ak dikk bi mooy li gëna am solo ci nit ñiy dëkk, liggéey ak dawal ci Komte bu King. Ndax taxawal yi ñooy jëflante yi gëna bari ci diggante askan wi ak poliis yi, dafay am solo lool Biro Shérif bi am ay sàrt yu leer ci politig yi ak seeni doxalin yu méngoo ak bëgg-bëggu askan wi.[78]

Ci atum 2022, Biro Kontukat bi amal na audit ci jëf yu Biro Shérif bi di tëral sàrti dem bi ak dikk bi.[79] Rapport bi dafa wane ni agence bi amul tegtal yu am solo ci wàllu doxal yoon ci dem bi ak dikk bi, te du dajale ay done yu mat sëkk ci wàllu taxawalug dem bi ak dikk bi. Leeral yiñ dajale ci jamonoy yegg ci OLEO dañu jàppale li ñu gis.

**OLEO ak ay naataangoom defar nañu yeneen xalaat ngir pexem doxal yoon ci Biro Shérif bi ngir gëna mëna kaaraange yoon, gëna dooleel yoon ci anam wu jaar yoon, ak jàppale dajale done yu jaar yoon.** Ginaaw biñu joxee xalaat yii ci konsilu Komte bu King (King County Council) ak Biro Shérif bi, OLEO mingi waaja saytu seen jëfandikoo ngir mëna wax ni ay naataangoom ak askanu Komte bu King ñu ngi xam jéego yiñ jël ngir gëna kaaraange dem ak dikk ci réew mi yépp.[80]



## Kàdduy njeexte


1 Tom Abate, “Black drivers get pulled over by police less at night when their race is obscured by ‘veil of darkness,’ Stanford Report, https://news.stanford.edu/stories/2020/05/veil-darkness-reduces-racial-bias-traffic-stops; Mike Dolan Fliss et al., “Re-prioritizing traffic stops to reduce motor vehicle crash outcomes and racial disparities,” January 20, 2020, *Injury Epidemiology*, no. 7(3), 2020, https://injepijournal.biomedcentral.com/articles/10.1186/s40621-019-0227-6; Emma Pierson et al, “A large-scale analysis of racial disparities in police stops across the United States,” March 2019, https://courts.ca.gov/system/files/opinion-citing/s126560-link1.pdf; Matthew A. Graham et al, “Compounding Anti-Black Racial Disparities in Police Stops,” October 2024, Center for Policing Equity, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/10/CPE-WhitePaper-Compounding-Disparities.pdf; The Stanford Open Policing Project, “Findings: ‘Stop Rates’ and ‘After the Stops,’” 2023, https://openpolicing.stanford.edu/findings/.

2 Centers for Disease Control and Prevention, “About Transportation Safety,” November 19, 2024, https://www.cdc.gov/transportation-safety/about/index.html#:~:text=Highlights,data%20can%20help%20prevention%20efforts.

3 Washinton Traffic Safety Commission, “Washington Traffic Deaths Reach 33-Year High,” May 13, 2024, https://wtsc.wa.gov/wp-content/uploads/2024/05/WTSC_2023-Traffic-Fatalities-press-release_May-13-2024.pdf.

4 Washington State Department of Transportation, “Collision Data Portal,” 2025. https://remoteapps.wsdot.wa.gov/highwaysafety/collision/data/portal/public/

5 Emily Badger and Ben Platt, “Traffic Enforcement Dwindled in the Pandemic. In Many Places, It Hasn’t Come Back,” July 2024, The New York Times. https://www.nytimes.com/interactive/2024/07/29/upshot/traffic-enforcement-dwindled.html#

6 Njàngatum OLEO “Done CAD 2020-2024,” 17 awril 2025, leeral ci fisiye ak bindkat yi.

7 King County Auditor’s Office, “Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals,” June 14, 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

8 Njàngatum OLEO “Done CAD 2020-2024,” 17 awril 2025, leeral ci fisiye ak bindkat yi.

9 Tom Abate, “Black drivers get pulled over by police less at night when their race is obscured by ‘veil of darkness,’ Stanford study finds,” May 5, 2020, Stanford Report, https://news.stanford.edu/stories/2020/05/veil-darkness-reduces-racial-bias-traffic-stops; Mike Dolan Fliss et al., “Re-prioritizing traffic stops to reduce motor vehicle crash outcomes and racial disparities,” Injury Epidemiology, no. 7(3), 2020, https://injepijournal.biomedcentral.com/articles/10.1186/s40621-019-0227-6; Emma Pierson et al., “A large-scale analysis of racial disparities in police stops across the United States,” March 2019, https://courts.ca.gov/system/files/opinion-citing/s126560-link1.pdf; Matthew A. Graham et al, “Compounding Anti-Black Racial Disparities in Police Stops,” October 2024, Center for Policing Equity, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/10/CPE-WhitePaper-Compounding-Disparities.pdf; The Stanford Open Policing Project, “Findings: ‘Stop Rates’ and ‘After the Stop,’” 2023, https://openpolicing.stanford.edu/findings/.

10 Vera Institute of Justice, “Sensible Traffic Ordinances for Public Safety (STOPS),” https://www.vera.org/ending-mass-incarceration/criminalization-racial-disparities/public-safety/redefining-public-safety-initiative/sensible-traffic-ordinances-for-public-safety.

11 Ibid.

12 Matthew A. Graham, “Compounding Anti-Black Racial Disparities in Police Stops,” October 2024, Center for Policing Equity, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/10/CPE-WhitePaper-Compounding-Disparities.pdf; Tom Abate, “Black drivers get pulled over by police less at night when their race is obscured by ‘veil of darkness,’ Stanford study finds,” May 5, 2020, Stanford Report, https://news.stanford.edu/stories/2020/05/veil-darkness-reduces-racial-bias-traffic-stops.

13 Washington Traffic Safety Commission, “Washington Traffic Deaths Reach 33-Year High,” May 13, 2024, https://wtsc.wa.gov/wtsc-2023-traffic-fatalities/.

14 King County Office of Law Enforcement Oversight, “Community Guidance Framework for Policy Reviews,” https://cdn.kingcounty.gov/-/media/king-county/independent/governance-and-leadership/government-oversight/office-of-law-enforcement-oversight/policy-reviews/oleo-community-guidance-framework-for-policy-reviews.pdf.

15 King County Sheriff’s Office, “General Information Bulletin 25-044,” March 6, 2025, Sheriff’s Office internal document.

16 Ndawi Biro Sheriff bu King County, waxtaan ak OLEO, Fewriye-Awril 2025.

17 King County Auditor’s Office, “Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals,” June 14, 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

18 Njàngatum OLEO “Done CAD 2020-2024,” 17 awril 2025, leeral ci fisiye ak bindkat yi.

19 U.S. Census Bureau, “DP05 | ACS Demographic and Housing Estimates,” 2023 1-Year Estimate Data Profile, https://data.census.gov/table/ACSDP1Y2023.DP05?q=King+County,+Washington.

20 Njàngatum OLEO “Done CAD 2020-2024,” ak “Done IAPro 2020-2024,” 17 awril 2025, leeral ci fisiye ak bindkat yi.

21 Enoka Herat, “It’s time to prioritize traffic safety for all Washingtonians,” 2025, https://wcforpa.org/our-voice/its-time-to-prioritize-traffic-safety-for-all-washingtonians; Traffic Safety for All, “Policy Platform,” https://www.trafficsafety4all.org/our-solutions; Vera Institute of Justice, “Sensible Traffic Ordinances for Public Safety (STOPS), https://www.vera.org/ending-mass-incarceration/criminalization-racial-disparities/public-safety/redefining-public-safety-initiative/sensible-

## Kàdduy njeexte *wéyal gi*

traffic-ordinances-for-public-safety; Emily Roscoe, "Policing Traffic Violations," March 2023, University of North Carolina School of Government, https://cjil.sog.unc.edu/wp-content/uploads/2023/07/Policing-Traffic-Violations_2023.3.24.pdf.

22 Washington Traffic Safety Commission, "Washington Traffic Deaths Reach 33-Year High," May 13, 2024, https://wtsc.wa.gov/wtsc-2023-traffic-fatalities/.

23 Vera Institute of Justice, "Sensible Traffic ordinances for Public Safety (STOPS)," https://www.vera.org/ending-mass-incarceration/criminalization-racial-disparities/public-safety/redefining-public-safety-initiative/sensible-traffic-ordinances-for-public-safety.

24 Emma Pierson et al., "A large-scale analysis of racial disparities in police stops across the United States," March 2019, https://courts.ca.gov/system/files/opinion-citing/s126560-link1.pdf.

25 Sam Levin, "US police have killed nearly 600 people in traffic stops since 2017, data shows," April 21, 2022, *The Guardian*, https://www.theguardian.com/us-news/2022/apr/21/us-police-violence-traffic-stop-data; "Mapping Police Violence," https://mappingpoliceviolence.org.

26 Matthew A. Graham, "Compounding Anti-Black Racial Disparities in Police Stops," October 2024, Center for Policing Equity, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/10/CPE-WhitePaper-Compounding-Disparities.pdf; The Stanford Open Policing Project, "Findings: 'Stop Rates' and 'After the Stop,'" 2023, https://openpolicing.stanford.edu/findings/.

27 City Council of Philadelphia, "Councilmember Thomas' Driving Equality is Law," March 3, 2022, https://phlcouncil.com/councilmember-thomas-driving-equality-is-law/.

28 Sammy Caiola, "Data shows Philly traffic stops involving Black men are down 54%," March 6 2023, PBS WHYY News, https://whyy.org/articles/philadelphiadriving-equality-act-data-traffic-stops-black-men-reduction/.

29 Mike Dolan Fliss et al., "Re-prioritizing traffic stops to reduce motor vehicle crash outcomes and racial disparities," January 20, 2020, Injury Epidemiology, no. 7(3), 2020, https://injepijournal.biomedcentral.com/articles/10.1186/s40621-019-0227-6; Vera Institute for Justice, "Police Are Stopping Fewer Drivers – and It's Increasing Safety," January 11, 2024, https://www.vera.org/news/police-are-stopping-fewer-drivers-and-its-increasing-safety.

30 King County Auditor's Office, "Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals," June 14, 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

31 Vera Institute for Justice, "For Safety and Justice, Enact Policies to Limit Non-Safety-Related Traffic Stops," March 2023, https://vera-institute.files.svdcdn.com/production/images/STOPS-For-Safety-and-Justice-Enact-Policies-to-Limit-Non-Safety-Related-Traffic-Stops.pdf?dm=1709587229.

32 Washington House Bill 1512 (2025), Sec. 3. (1) (a) (ii), 1512.pdf.

33 San Francisco Police Department, "General Order 9.07 Restricting the Use of Pretext Stops," July 17 2024, https://www.sanfranciscopolice.org/sites/default/files/2024-07/SFPD_DGO_9_07_20240719.pdf; Virginia's Legislative Information System, "HB 5058 Marijuana and certain traffic offenses; issuing citations, etc," 2020 Special Session 1, https://legacylis.virginia.gov/cgi-bin/legp604.exe?202+sum+HB5058; City Council Philadelphia, "Councilmember Thomas' Driving Equality Is Law," March 3, 2022, https://phlcouncil.com/councilmember-thomas-driving-equality-is-law/.

34 San Francisco Police Department, "General Order 9.07 Restricting the Use of Pretext Stops," July 17, 2024, https://www.sanfranciscopolice.org/sites/default/files/2024-07/SFPD_DGO_9_07_20240719.pdf; Virginia's Legislative Information System, "HB 5058 Marijuana and certain traffic offenses; issuing citations, etc," 2020 Special Session 1, https://legacylis.virginia.gov/cgi-bin/legp604.exe?202+sum+HB5058.

35 City Council Philadelphia, "Councilmember Thomas' Driving Equality Is Law," March 3, 2022, https://phlcouncil.com/councilmember-thomas-driving-equality-is-law/.

36 Virginia's Legislative Information System, "HB 5058 Marijuana and certain traffic offenses; issuing citations, etc," 2020 Special Session 1, https://legacylis.virginia.gov/cgi-bin/legp604.exe?202+sum+HB5058; Mecklenburg County Sheriff's Office, "MCSO General Order #20," September 19, 2022, https://www.mecksheriff.com/pdf/GO-20.pdf.

37 Mecklenburg County Sheriff's Office, "MCSO General Order #20," September 19, 2022, https://www.mecksheriff.com/pdf/GO-20.pdf.

38 City Council Philadelphia, "Councilmember Thomas' Driving Equality Is Law," March 3, 2022, https://phlcouncil.com/councilmember-thomas-driving-equality-is-law/.

39 Johns Hopkins International Injury Research Unit, "Evidence Synthesis on Impact of Traffic Fines to Improve Road Safety," October 2024, https://publichealth.jhu.edu/sites/default/files/2024-10/BIGRS_Evidence-Synthesis-Traffic-Fines_v3.pdf.

40 Aravind Boddupalli et al., "How Fines and Fees Impact Family Well-Being," August 14, 2024, Tax Policy Center, https://taxpolicycenter.org/sites/default/files/publication/166004/how_fines_and_fees_impact_family_well-being.pdf; Jordan Woods, "Reimagining Traffic Fines and Fees," 2024, UC Irvine Law Review, 14:3, https://escholarship.org/uc/item/6vf096vn; Molly Webster, "Monetary sanctions imposed by courts continue to cause harmful debt for people in our state," December 12, 2024, Washington State Budget and Policy Center, https://budgetandpolicy.org/schmudget/monetary-sanctions-imposed-by-courts-continue-to-cause-harmful-debt-for-people-in-our-state/.

41 Margaret Meyer and Richard Gonzalez, "Detecting Bias in Traffic Searches: Examining False Searches of Innocent Drivers," April 27, 2024, Journal of Quantitative Criminology, 40, 791–812 (2024), https://doi.org/10.1007/s10940-024-09585-4.

## **Kàdduy njeexte** *wéyal gi*

42 San Francisco Police Department, "General Order 9.07 Restricting the Use of Pretext Stops," July 17 2024, https://sanfranciscopolice.org/sites/default/files/2024-07/SFPD_DGO_9_07_20240719.pdf.

43 Josephine Ross, "Abolishing Police Consent Searches Through Legislation: Lessons from Scotland," 2023, American University Law Review, 72:6, https://digitalcommons.wcl.american.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=2363&context=aulr.

44 Ibid.

45 Kaylah Alexander et al., "Eliminate Consent Searches," October 2020, DC Justice Lab + STAAND, https://dcjusticelab.org/wp-content/uploads/2022/04/EliminateConsentSearches.pdf; Aline Ara Santos Carvalho et al., "Racial Prejudice and Police Stops: A Systematic Review of the Empirical Literature," Behavior Analysis in Practice, May 28, 2021, https://pmc.ncbi.nlm.nih.gov/articles/PMC9744975/.

46 Josephine Ross, "Abolishing Police Consent Searches Through Legislation: Lessons from Scotland," 2023, American Law University, 72:6, https://aulawreview.org/blog/abolishing-police-consent-searches-through-legislation-lessons-from-scotland/; Andrew Lance, "Why Abolishing the Fourth Amendment Consent Exception is Long Overdue," October 4, 2021, University of Cincinnati Law Review, https://uclawreview.org/2021/10/04/why-abolishing-the-fourth-amendment-consent-exception-is-long-overdue/; Roseanna Sommers and Vanessa K. Bohns, "The Voluntariness of Voluntary Consent: Consent Searches and the Psychology of Compliance," 2019, The Yale Law Journal, https://openyls.law.yale.edu/bitstream/handle/20.500.13051/10383/Sommers__Bohns.pdf?sequence=3&isAllowed=y; Tracey Maclin, "The Good and Bad News About Consent Searches in the Supreme Court," 2008, University of Florida Law Faculty Publications, https://scholarship.law.ufl.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=2178&context=facultypub.

47 Kaylah Alexander et al., "Eliminate Consent Searches," October 2020, DC Justice Lab + STAAND, https://dcjusticelab.org/wp-content/uploads/2022/04/EliminateConsentSearches.pdf.

48 Emma Pierson et al., "A large-scale analysis of racial disparities in police stops across the United States," March 2019, Stanford Computational Policy Lab, https://web.stanford.edu/~csimoiu/doc/traffic-stops.pdf; Deepak Premkumar et al., "How Often Are Firearms Confiscated During Traffic Stops?," February 16, 2023, Public Policy Institute of California, https://www.ppic.org/blog/how-often-are-firearms-confiscated-during-traffic-stops/.

49 Matthew A. Graham et al., "Racial disparities in use of force at traffic stops," 2024, Center for Policing Equity, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/08/CPE-Use-of-Force-at-Traffic-Stops-Data-Brief-2024.pdf.

50 Emma Pierson et al., "A large-scale analysis of racial disparities in police stops across the United States," March 2019, Stanford Computational Policy Lab, https://web.stanford.edu/~csimoiu/doc/traffic-stops.pdf.

51 Megan Dias et al., "Consent Searches: Evaluating the Usefulness of a Common and Highly Discretionary Police Practice," May 16, 2022, University of Texas Department of Government, https://www.marcelroman.com/pdfs/wps/consent.pdf.

52 Ndawi King County Sheriff's Office, bataaxal ci imeel ak OLEO, Awril 18, 2025.

53 San Francisco Police Department, "General Order 9.07 Restricting the Use of Pretext Stops," July 17 2024, https://sanfranciscopolice.org/sites/default/files/2024-07/SFPD_DGO_9_07_20240719.pdf.

54 Matthew A. Graham et al., "Racial disparities in use of force at traffic stops," 2024, Center for Policing Equity, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/08/CPE-Use-of-Force-at-Traffic-Stops-Data-Brief-2024.pdf; Bradley R. Haywood, "Ending Race-Based Pretextual Stops: Strategies For Eliminating America's Most Egregious Police Practice," January 17, 2023, Richmond Public Interest Law Review, https://scholarship.richmond.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=1550&context=pilr.

55 Johns Hopkins University Police Department, "Traffic Control & Enforcement Operational Procedure #442," July 25, 2024, https://www.jhu.edu/assets/uploads/policies/final/442%20Traffic%20Control%20&%20Enforcement%20FINAL.pdf.

56 Nicholas P Camp et al., "Leveraging body-worn camera footage to assess the effects of training on officer communication during traffic stops," September 17, 2024, PNAS Nexus, 3:9, https://academic.oup.com/pnasnexus/article/3/9/pgae359/7756556.

57 Kristina Murphy, "Procedural justice and its role in promoting voluntary compliance," 2017, Regulatory Theory: Foundations and Applications, pg. 43-58, https://www.jstor.org/stable/j.ctt1q1crtm.10; David Weisburd et al., "Reforming the police through procedural justice training: A multicity randomized trial at crime hot spots," March 28, 2022, PNAS, https://doi.org/10.1073/pnas.2118780119.

58 Marie Pryor et al., "Collecting, Analyzing, and Responding to Stop Data: A Guidebook for Law Enforcement Agencies, Government, and Communities," 2020, Center for Policing Equity and Policing Project at New York University School of Law, https://policingequity.org/wp-content/uploads/2024/07/CPE-Toolkit-StopDataCollection-Guidebook.pdf.

59 Marie Pryor et al., "Collecting, Analyzing, and Responding to Stop Data: A Guidebook for Law Enforcement Agencies, Government, and Communities," 2020, Center for Policing Equity and Policing Project New York University School of Law, https://www.policingproject.org/stopdata.

60 Police Executive Research Forum, "What Police Chiefs and Sheriffs Need to Know About Collecting and Analyzing Use-of-Force Data," February 2021, https://www.policeforum.org/assets/CollectingAnalyzingUOFData.pdf.

61 King County Auditor's Office, "Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals," June 14, 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

## Kàdduy njeexte *wéyal gi*

62 Deborah Ramirez et al., “A Resource Guide on Racial Profiling Data Collection Systems: Promising Practices and Lessons Learned,” 2000, U.S. Department of Justice, https://www.ojp.gov/pdffiles1/bja/184768.pdf.

63 Magnus Lofstrom et al., “Racial Disparities in Traffic Stops,” October 2022, Public Policy Institute of California, https://www.ppic.org/?show-pdf=true&docraptor=true&url=https%3A%2F%2Fwww.ppic.org%2Fpublication%2Fracial-disparities-in-traffic-stops%2F.

64 11 CCR § 999.226, “Article 3 Data Elements to be Reported,” https://www.law.cornell.edu/regulations/california/11-CCR-999.226; California Legislature, “AB-953 Law enforcement: racial profiling,” October 3, 2015, https://leginfo.legislature.ca.gov/faces/billNavClient.xhtml?bill_id=201520160AB953; Racial and Identity Profiling Advisory Board, “Annual Report 2025,” January 1, 2025, https://oag.ca.gov/system/files/media/ripa-board-report-2025.pdf.

65 Governors Highway Safety Association, “Automated Enforcement in a New Era,” December 2023, https://www.ghsa.org/sites/default/files/2024-12/AE_newera_12-5-23_0.pdf.

66 King County Auditor’s Office, “Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals,” June 14, 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

67 Ndawi King County Sheriff’s Office, waxtaan ak OLEO, Fewriye 5, 2025

68 Governors Highway Safety Association, “Automated Enforcement in a New Era,” December 2023, https://www.ghsa.org/sites/default/files/2024-12/AE_newera_12-5-23_0.pdf.

69 Washington Traffic Safety Commission, “Automated Speed Enforcement Readiness Guide,” September 2022, https://wtsc.wa.gov/wp-content/uploads/dlm_uploads/2022/09/Automated-Speed-Enforcement-Readiness-Guide-09-2022.pdf; Intelligent Transportation Systems Joint Program Office, “Study Finds Red-Light Cameras to Be Effective at Reducing About 30 Percent of Rear-End and Right-Angle Crashes with a Benefit-to-Cost Ratio of 2.61,” August 26, 2021, https://www.itskrs.its.dot.gov/2021-b01588.

70 Angel Diaz and Rachel Levinson-Waldman, “Automatic License Plate Readers: Legal Status and Policy Recommendations for Law Enforcement Use,” September 10, 2020, Brennan Center for Justice, https://www.brennancenter.org/our-work/research-reports/automatic-license-plate-readers-legal-status-and-policy-recommendations.

71 Ibid.

72 Andrew Adams, “Hundreds of police departments use camera company accused of breaking state law,” August 27, 2025, Capital News Illinois, https://capitolnewsillinois.com/news/hundreds-of-police-departments-use-camera-company-accused-of-breaking-state-law/; see also University of Washington Center for Human Rights, “Leaving the Door Wide Open: Flock Surveillance Systems Expose Washington Data to Immigration Enforcement,” October 21, 2025, https://jsis.washington.edu/humanrights/2025/10/21/leaving-the-door-wide-open/.

73 Maya Fegan, “Speeding into the Future,” April 15, 2021, Berkeley Journal of Criminal Law, https://www.bjcl.org/blog/speeding-into-the-future-the-pitfalls-of-automated-traffic-enforcement; Hiroko Shimizu and Pierre Desrochers, “Speed or Greed: Does Automated Traffic Enforcement Improve Safety or Generate Revenue?,” Frontier Centre for Public Policy, December 2015, https://www.fcpp.org/wp-content/uploads/2015/12/Shimizu-Desrochers-Speed-or-Greed.pdf.

74 Ibid.

75 Maya Fegan, “Speeding into the Future,” April 15, 2021, Berkeley Journal of Criminal Law, https://www.bjcl.org/blog/speeding-into-the-future-the-pitfalls-of-automated-traffic-enforcement; Hiroko Shimizu and Pierre Desrochers, “Speed or Greed: Does Automated Traffic Enforcement Improve Safety or Generate Revenue?,” Frontier Centre for Public Policy, December 2015, https://www.fcpp.org/wp-content/uploads/2015/12/Shimizu-Desrochers-Speed-or-Greed.pdf.

76 Washington State Department of Transportation, “Roundabouts,” https://wsdot.wa.gov/travel/traffic-safety-methods/roundabouts; U.S. Department of Transportation, “Proven Safety Countermeasures,” https://highways.dot.gov/safety/proven-safety-countermeasures; U.S. Department of Transportation, “Safer Roads,” https://www.transportation.gov/safe-system-approach/safer-roads.

77 Maya Fegan, “Speeding into the Future,” April 15, 2021, Berkeley Journal of Criminal Law, https://www.bjcl.org/blog/speeding-into-the-future-the-pitfalls-of-automated-traffic-enforcement.

78 King County Auditor’s Office, “Traffic Enforcement: Strategies Needed to Achieve Safety Goals,” June 14, 2022, https://kingcounty.gov/en/independents/governance-and-leadership/government-oversight/auditors-office/reports-papers/reports/2022/kcso-traffic-enforcement.

79 Ibid.

80 The Stanford Open Policing Project, “Findings: ‘Stop Rates’ and ‘After the Stop,” 2023, https://openpolicing.stanford.edu/findings/.

King County

OLEO

OFFICE OF LAW ENFORCEMENT OVERSIGHT

2507_13892E_OLEO_Traffic _Enforcement_Policy_Report.indd